


SUWO RAKAMANIKANA

 Maita henyu, Hama Neville. Ndatenda. Zvakanaka kwazvo kudzoka muImba yaShe. Ndinogara ndichiitirwa zvakanaka nokudzoka kutabhenakeri, zvisinei nekupi kwandinoenda. Pane chimwe chinhu pamusoro penzvimbo ino diki yekare chinoita kuti ndifarire kudzoka kwairi. Inongova, oo, ini... Yaiva chechi yangu yekutanga uye yega yandati ndakambofudza. Uye zvinongonzwika zvakanaka kudzoka pano zvakare. Uye ndinotenda kuti mangwanani iwayo makuru apo zuva richaramba kupenya uye nyeredzi dzodzima chiedza chadzo, ndinotenda kuti pachava nevamwe vanobva patabhenakeri ino vachange varipo nezuva iroro, vakashambwa muRopa reGwayana. Ndiri kutarisira nguva iyoyo.

² Ndichangopinda nemukamuri zvino uno, ndasangana naHanzvadzi Arganbright kumashure uko. Zvino vanga vachindiudza kuti pane vamwe vanhu pano vaive kumusangano weKingston, vakashanya panguva iyoyo, uye ini...ivo... ndinofara kwazvo kuva navo pano sechapupu. Chero kwavari, kana vakasimudza maoko avo, vaive kumusangano wekuKingston muJamaica. Ingo, hongu, kumashure-shure chaiko. Zvakanaka, zvakanaka.

³ Ndinoona positi kadhi raOral. Ndinodaira kuti matozivisa misangano yake. Ndakanga ndisingazvizive kusvikira, mazuva acho, kusvika nezuro. Ndinofunga kuti inotanga musi wa 6, handizvo here? 6 kusvika 15, Hama Roberts muLouisville. Zvino, endai munovanzwa. Hama Roberts ishamwari yangu ye-yepamwoyo, uye muranda chaiye waKristu. Uye ndine chokwadi chekuti muchaitirwa zvakanaka nemharidzo dzavo, husiku hwega-hwega. Uye...wake, pavanenge vachinamatira vanorwara, ndine—ndine chokwadi chekuti muchaona Mwari vachifamba, nokuti imhare huru yekutenda, ndizvo zviru Hama Roberts, uye murume ari kushandiswa naMwari nesimba guru. Uye shumiro yavo yakakwira kubva...

⁴ Ndinorangarira pandakatanga kusangana naHama Roberts, vakanga vari mutende duku rakanga rakabvaruka-bvaruka muSt. Louis, Missouri, uye ndakanga ndiri...kwete, Kansas City, Missouri. Uye ndakanga ndiri muKansas City, Kansas, muodhitoriyamu. Vakagara pachigaro chepamberi. Mushure mekunge shumiro yapera, takatenderera kuseri zvino taikurukura. Vakandizivisa kwaari. Mudiki kwandiri; Oral achangodarika makore 40. Uye saka akati, “Munofunga kuti Mwari vanganzwa munamoto wangu wekunamatira vanorwara here?”

Ndikati, “Hama, Vanonzwa munamoto wechero munhu

anonamata.” Zvino, akatanga kuchienda, zvino akati, “Ndava kuenda!”

⁵ Zvino murume akachenjera kwazvo, uye ane dzidzo yekukoreji, makore 4 epsychology, uye ndine chokwadi kuti iye—iye murume akangwara. Uye asvika panzvimbo zvino apo ane boka ravanachipangamazano vakamupoterredza, nezvimwe, kusvikira, paanotaura, iye—iye anonyatsofunga nezvazvo. Zvino muchanyatsoitirwa zvakanaka naye, ndine chokwadi.

⁶ Uye saka zvino ndinoda kupa kamwe kanyaya kadiki pane zvakaitwa naIshe vedu mumusangano wedu muduku wakaninipa muJamaica uye nemuPuerto Rico. Chakanga chiri chinhu chinoshamisa kuti ndakaenda, nekuti mafoni mazhinji akauya. SaLeo pano anoziva, kuti foni... Uye nekufamba kwevhiki, kune mazana enzvimbo anodaidzira misangano. Asi zvisinei ndinofarira kunzwa kutungamirwa kwandinenda, kunzwa sekudaro. Kana ndikaenda nokuti munhu akanditumira kuti ndiuye, zvino ndinouya muzita rechechi iyoyo kana sangano iroro. Kana ndikaenda nokuti Hama Neville vakati ndiende, ndinofanira kuenda muzita raHama Neville. Asi ndinofarira kuenda kana Jesu atuma, saka unogona kuenda muZita raIshe Jesu, kunosangana nevanhu.

⁷ Zvino ndakanga ndakarara pamubhedha, uye ndakanga ndati netei zvisoma. Mupata uno, pasina nguva kana gare-gare, ndichafanira kuti ndibve mumupata uno, nekuti uri kungorwarisa pahuro pangu kusvika pokuti handichatongokwanisi kutsungirira. Ndinogona kunge ndisipo uye ndodzoka... Takauya rimwe zuva, ini naLeo, mukati memamaira 40, mushure mekunge tange tiri mumachakwi muFlorida, huro yose yakavhurika, uye mumamaira 40 eLouisville yakavhara zvakare. Hama Banks Wood vanofanira kunge vari pano pane imwe nzvimbo mangwanani ano. Uye rimwe zuva ndichipinda kubva kuKingston ne—nekuPuerto Rico, uko huro yangu yakanga yakangonyatsonaka; zvino ndakaburuka mundege, ndichakaringana; zvino tisati tasvika kuJeffersonville, yakavharika zvakare. Munoono, mupata uri kuno. Hutachiona huri mumhepo, kana kuti ndiMwari, zvimwe, vari kuedza kundendesa kumwe. Saka, ini—ini handizvinzwisise. Ndakanamata ndichikumbira kakawanda kwazvo.

⁸ Asi, zvisinei, ndakanga ndichangomuka, dzakanga dzava nguva dzingaita 3 o'clock mangwanani. Uye mudzimai wangu nomukomana muduku vakanga vakarara. Zvino ndakasimuka padivi pemubhedha, ndikaona vanhu vazhinji vakaungana pane nzvimbo huru, zvino ndakati kuna Billy Paul, “Iwe pinda imomo wonopa vanhu ivavo makadhi okunamatirwa.”

⁹ Zvino akati, “Zvakanakai, baba.” Mumaminetsi mashoma akadzoka, ndokuti, “Haukwanise kupa makadhi okunamatirwa

kuvanhu ivavo.” Akati, “Munoona murume uyu amire pano?”

Ndikati, “Hongu.”

¹⁰ Akati, “Aive neche pano apa, ndikati, ‘Munhu wose anoda kadhi rokunamatirwa, simudzai maoko enyu.’” Uye akati, “Ndaenda kunomupa kadhi rokunamatirwa, aenda pane imwewo nzvimbo. Zvino ndakabva ndaendako, uye akanga ave kune imwewo nzvimbo. Zvino heunoi ari kumashure-shure neche apa.” Akati, “Handisi kutokwanisa kana kupa kadhi 1 rekunamatirwa.”

¹¹ Ndakati, “Zvakanaka, Billy, hauchafanire hako kuti upe makadhi ekunamatirwa, nekuti pane nzvimbo huru pano zvekuti munhu wese anogona...” Makadhi ekunamatirwa ndeekuchengetedza kuti pasava nemhirizhonga...munoona, uye kuvachengeta muhurongwa. Ndakati, “Oo, ndinogona kutora munhu wese aripo, vasingadariki varipo munzvimbo yandiinayo, ndovaisa mumutsara ndovanamatira mumwe nomumwe.”

¹² Zvino akati, “Zvakanaka.” Iye ndokutsaukira kurudyi ndokuenda achibva kwandiri. Zvino ndakatendeuka ndichienda nenzira *iyi* iye achienda nenzira *iyi*, uye ndaive ndakamutarisa.

¹³ Zvino ndakanzwa Inzwi richiburuka kubva Kudenga, rikati, “Asi panguva ino Ndichatanga kukusimudzira.” Zvino ndakatarisa, uye handina kumboona mhomho yevanhu yakadaro, vakanga vachibva kwese-kwese.

¹⁴ Zvino zita raHama Roberts rakadanwa, ndokuti, “Zvino Hama Oral Roberts vari kuuya kuzokuona.”

Ini ndikati, “Ndichakwazisa sei Hama Roberts?”

Rikati, “Nemakwazisiro mamwe chetewo avachakuita.”

¹⁵ Zvino, ndakaona Hama Roberts vachiuya vakapfeka sutu nhema, nengowani diki yakaita seinopfekwa naBing Crosby, diki dziya dzinopendekera mudenga yodhonzerwa pasi, ngowani diki nhema. Zvino ndaive ndakamira kwakaita sekumusoro, zvino ivo vakatarisa kumusoro ndokuti, “Mhoroi, Hama Branham.”

Ini ndikati, “Mhoroi, Hama Roberts,” ndikavagwinha ruoko.

Vakati, “Mune chaunga chakanaka.”

¹⁶ Ndikati, “Chaunga chaicho, Hama Roberts.” Zvino vakatendeuka ndokuenda nenzira yakaendwa naBilly, kurudyi.

¹⁷ Uye ndakafunga, “Ndichataura navo ndiri papi?” Zvino ndakaedza kwese-kwese kuti ndiwane nzvimbo yokutaura ndiri. Ndakanga ndiri mune chimwe chinhanu, pakaita pasi, pokuti ndakanga ndisingakwanisi kuona kweku—kutaura navo ndiri.

Zvino mumwe munhu akati, “Zvino, huyai neche kuno uku.”

¹⁸ Ndikati, “Zvinoka, hautombogone kuona zviru nani ipapo.” Uye ndakatanga kudarika nepanzvimbo yacho. Uye ndakabva ndarangerira izvi zvino, ndikati, “Chinhu chikuru

chandinofanira kuita kuramba ndakazvininipisa mumwoyo mangu, nguva dzose, pamberi paMwari uye nevana vaVo.”

¹⁹ Zvino ndakabuda muchiratidzo. Uye ndakafunga, “Zvinorevei izvozvo? Zvichida zvinoreva kuti tichava ne... Kana kuti ndekupi—ndekupi kwazvichave?” Munoono, dzimwe nguva, muzviratidzo, haVakuudze kuti ndekupi kwacho chaiko, Va—Vanongotaura uye iwe unongo...Zvakaita sekunge, zviri mumufananidzo. Uye ndine chokwadi kuti imi vanoverenga Bhaibheri munozvinzwisisa.

²⁰ Ndokubva ndapinda mukamuri yepamberi ndokugara pasi kwechinguvana, zvino dzaive nguva dzingaite 3:30 kana 4 o'clock mangwanani. Ndakabatwa nehope zvikuru. Ndakadzokera ndokurara pasi, zvino ndakarota hope, uye dzaive hope dzinoshamisa zvikuru. Uye vazhinji venyu mese munoziva mumwe wemamaneja, Jack Moore. Hama Jack Moore, ndakavaziva kwemakore. Ndakafunga kuti ndakanga ndabuda ndichifambidzana nemwanasikana wavo, musikana angangoita makore 17 okuberekwa, uye ndakanga ndakamubata ruoko, ndichimutungamirira kukwira chikomo, Jackie muduku. Zvino, ndakamuziva kubvira achingori mucheche anoyamwa. Zvino ndakanga ndichimutungamirira kukwira chikomo, uye ndakakwira mabhuroko 3 eguta ndichikwira chikomo, ndichitungamirira musikana uyu. Zvino takasvika pasi pomuti mukuru, zvino iye ndokugara pasi. Uye sezvangoita vasikana vadiki vakawanda vezera rekuyaruka nhasi vanopfeka masiketi ayo, munoziva, anoita seakafaranukira kunze, zvino akanga akapfeka imwe yemhando dzemasiketi akadaro. Zvino akatora kasiketi kadiki aka ndokuita sokukawaridza ndokugara pasi. Uye sevechidiki vaiwanzotarisa, akapeta maoko ake sezvizi ndokutanga kutarisa kumatenga. Zvino, Jackie musikana mudiki akanaka kwazvo, asi ane muromo mukuru kwazvo uye nemaziso makuru kwazvo, nevhudzi rakaita sejecha, asinganyanye kuyevedza, asi mudzimai mudiki chaiye. Zvino ndaiona maziso ake makuru paakatarisa kumatenga, uye kuti kupenya kwematenga kwaiva sei mumaziso ake.

²¹ Zvino, ndakaenda angangoita mafiti 5 kubva paari, ndokuita sekurara pasi nedivi sezvizi, ndokutora kahuswa ndokukaisa mumuromo mangu, ndokutanga kutsenga kahuswa aka. Zvino ndakatanga kufunga, “Ndiri kumboitei kumusoro kuno? Nhai vedu, ini harahwa, uye nemusikana wechidiki uyu. Handiti,” ndikati, “ndakarooro uye ndine chitsamha chevana. Ini handifaniri kunge ndiine chokuita pano kumusoro kuno nemusikana wechidiki uyu.”

²² Zvino ndakatanga kusimuka. Zvino, pandakadaro, Inzwi rakabva mumuti, ndokuti, “Izvi zvaitirwa chiratidzo uye zvine chikonzero.”

²³ Zvino ndakapepuka, uye ndikapotsa ndazhamba, ho—

hope mupengo. Ndakafunga kuti, “Oo, hameno kana zvichireva kuti ndichadzokera shure kana kuti chimwe chinhu chichaitika kwandiri?” Zvino, ndakafunga, “Kana ndikatanga kuyedza kushandisa pfungwa dzangu pachangu, zvino ndinozovivhiringa zvese, saka ndichangomirira pana Mwari.” Zvino ndakatanga kunamata. Ndakati, “Ishe, chiroti ichi chine here chekuita nechiratidzo chiya chemuchikamu chekutanga chehusiku, kana kuti chinorevei?”

²⁴ Mushure mekumirira imwe nguva, zvichida awa (Mudzimai wangu akange atomuka uye agadzirira kudya kwemangwanani.), ndokubva Inzwi radzoka zvakare, ndokuti, “Enda kuKingston, uye uchanoudzwa ikoko zvekuita.”

²⁵ Saka, pakarepo ndakabva ndaenda kuKingston. Uye ivo—ivo vakaziva China masikati kuti ndaizosvikako Chishanu. Ndiko kushambadza kwega kwatakave nako. Ini handinyatsogoni kuita...?...kana kufungidzira huwandu hwemhomho, nekuti ndinowanzopa hwakawandisa. Asi husiku hwekutanga, ndingatitakanga tine vangaita 12, oo, vanhu vangangosvika 1,200, kunze, nokuti wakanga wangozivikanwa nezuya rimwe. Zvino zuva rakatevera vakaita kuti vamhanyi vamhanye mamaira 4, vachichinjana, vachikwira makomo. Mumwe mumhanyi aimhanya kwemaawa 4, ozoita kuti mumwe mumhanyi akwire gomo. Zvino husiku hwechipiri pakanga paine vangaita 5,000. Uye husiku hwechitatu zvakafungidzirwa kuti vaive vangaita 15,000, zvichida 20,000. Uye kwakanga kune zviuru nezviuru zvakauya kunaShe.

²⁶ Zvino chiratidzo chaiva chekuti, chechi duku, musikana akanga ari mhandara, achingori mwana, zvino zvaireva humhandara hwechechi. Uye mabhuroko 3 eguta kukwidza chikomo, aiva mazuva 3 andaizoshumira. Zvino ndichitora chechi diki mhandara neshumiro yangu, kubva payakanga iri, kuenda pamusoro ichipinda muzvinhu zvaMwari, kusvikira zvakazunguza chitsuwa chose.

²⁷ Uye, oo, vashumiri nevanhu ipapo, vachichema uye nokukumbira nokunyengetedza, “Husiku 1 bedzi kana humwe 2 zvakare,” vakuru veguta.

²⁸ Takabva ikoko tichienda kuPuerto Rico. Ikoko takasangana nekukunda kukuru, kwepamusoro, uye zviuru nezviuru zvakazadza nhandare, kusvikira zvakafungidzirwa kuti mweya inokosha inosvika 40,000 yakauya kuna Ishe Jesu. Uye pakuenda, ndinovimba ini...Ndinotaura izvi kuchechi yangu pachangu, asi handingakwanisi kuzviita kunze uko paruzhinji, uko kusina vanhu vekumba, nekuti zvinogona kuonekwa nenzira isiri iyo. Asi ndine zita remutongi wemhosva wacho pano pabepa, uyo akataura patakanga tava kuenda, ipo pano, iye nevashandi vake.

²⁹ Uye ini...Iye—iye akati, “Takaremekedzwa pachitsuwa kuva nevashumiri vakasiyana.” Akati, “Apo VaBilly Graham vachangobva pachitsuwa nguva pfupi yadarika,” ndokuti, “takave nemusangano uno—unobwinya,” akati, “asi Billy Graham akatiunzira Evhangeri imwe chete yatagara tichinzwa.” Akati, “Takabva taremekedzwa kuva naVaRoberts pachitsuwa,” akati, “zvino VaRoberts vakatipa musangano mukuru wemazuva 3. Asi,” akati, “zvikereti zvemuhotera zvaive zvakakura kwazvo,” akati, “vakasiya madhora 35,000 kwehusiku 3, chikwereti chemuhotera.” Akati, “Zvino VaOsborn vaive pano, avo vaive muranda mukuru waKristu. Asi,” akati, “pakabva VaOsborn, pakava nokuodzwa kwemwoyo,” akati, “zvakaita sokunge zvinhu zvose zvakanga zvaenda.”

³⁰ “Asi,” akati, “takacherechedza mumusangano uno kuti panga pasina kana munhu upi zvake papuratifomu wekuti Hama Branham vanamatire. Asi,” akati, “mushure mekunge shumiro yapera, tainhonga macheya ekare nemadondoro nezvimwe zvese zvaizadza marori, kubva muungano.” Akati, “Akanga asiri munhu panguva ino, Mwari vakauya kwatiri,” akadaro.

³¹ Ndakati, “Musatarisira minamoto yangu; asi minamoto yenyu kunze ikoko, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe.” Zvino vaiunza zvichida dhazeni kana 2 papuratifomu, zvino, paizouya kunzvera, vanhu vaingodanidzira. Takagara muhotera yekirasi yedanho rechina, uye tikazvibhadharira zvose zvaida kubhadharwa nemafambiro edu, tega.

³² Makabatsira kuita izvozvo, pachenyu, nezvegumi zvenyu zvamunonditumira. Ndizvo zvakazviita. Uye ndinoda kuti muzive kuti, kubva pane zvese izvozvo, mune chikamu chazvo. Uye muzuva guru rinobwinya riri kuuya, Mwari vachakupai mubairo pazviri. Munoono, manga musina. . .

³³ Kana munhu pachake akaenda onoita chimwe chinhu, zvino, munoono, kana munhu iyeye aenda, vanofunga, “Kurasikirwa kukuru, Mwari vatisiya.” Mwari havakusiyei. Vanewe nguva dzose. Munoono, izvo. . .Unongova mazviri semunhu wese, sechero munhu upi zvake. Mwari vanogona kushandisira munhu pane imwe shumiro, asi hazvireve kuti munhu iyeye ndiye ega ane kodzero pana Mwari. Kutenda kwako iwe muna Mwari.

³⁴ Zvino vaiendako nengoro dzekare dzine mavhiri, avaitora semavhiri epurema yemwana, uye—uye vogadzira chibhodhi, voradzika vanhu pariri uye vovaunza mukati. Zvino mushure mekunge shumiro yapera, nhandare yese yaibva yacheneswa, vaingofamba nengoro vachinhonga tungoro tudiki nezvigaro zvikuru zvekare, uye madondoro nenhowo nemibhedha, uye apo pavakangofamba vachizvisiya, nokuda kwekuti Hupo hwaShe hwaivepo. Ndizvo zvatinoda kuona. Munhu haamo munyaya yacho zvino, Mwari vari kufamba.

³⁵ Ndichangodzoka, kuti ndingobatsira zvino mangwanani ano, ndichataura mumaminetsi mashoma. Zvino ndakumbira vakomana kuti vasabuditse tepi. Mazuva 3 ndakaedza kwazvo kufunga, “Ndichataura nezvei?” Zvino mangwanani ano, ndisati ndabva, ndanzwa yambiro yakasimba chaiyo mumoyo mangu kuchechi. Zvino ndavaudza kuti, “Torai tepi, asi musaabuditsa kuti atengeswe.”

³⁶ Asi tisati taita izvi, ndinoda kungokupai kachapupu kadiki, kuti zvikuitirei zvakanaka. Zvakandiitira zvakanaka. Takaenda parwendo rwekunoredza rwemazuva 3, Leo naGene neni, uye mwanakomana wangu Billy Paul nemudzimai wake, zasi kushamwari inouya pano patabhenakeri, inobva zasi kuGeorgia. Zvino vakatiendesa mune mamwe machakwi, handichaziva chaizvo kuti paive papi zvino, pedyo neOkeechobee kana chimwe chinhu chakadaro, handizivi zita iro maIndia aya emaSeminole vakaipa. Asi, zvisinei, taiva tiri kure nemamaira akawanda.

³⁷ Zvino Hama Evans ava, mukoma wavo mutadzi. Uye muredzi mukuru, zvino akadzokera mumachakwi mwedzi mishoma yapfuura. Uye vane chavanodaizwa kuti “chiva.” Zvino chiva ichi chakamuruma, uye akanga asingachatongokwanisi kurarama. Gumbo rake rakazvimba, zvino vakamuendesa kuna vanachiremba vakamubaya majekiseni. Zvinhu izvozvo zvinouraya. Uye vane zvimanzi zvizhinji seri ikoko zvakare, chimanzi, buura, makarwe anosvika mafiti 20 pakureba.

³⁸ Zvino patakanga tichiredza hedu seri ikoko, ndakanga ndabata zibass guru. Oo, rakanga riri zuva chairo re—rekuzorora. Uye raive rakakura kwazvo zvekuti ndakatadza kuribuditsa mumvura, zvino rakangotwasanudza chirauro ndokuenda zvaro, kana kuti rakazvisunungura. Uye taiva nemabass akawanda, angangoita mapaundi 150 emabass makuru. Uye iwo, mamwe awo achirema mapaundi akati kuti, uye kubva pamapaundi 4 kusvika 7, 8. Zvino ndakabata guru iri, richibva rasunungura.

³⁹ Zvino ndakakanda zvakare, uye ndi—ndikabata rimwe, ringangoita mapaundi 6, 7. Uye ndakanga ndiine danda refu rawaifanira kusimudza napamusoro pemashizha ehapa. Zvino Hama Evans vakanga...Tese takanga tatota nekuchakwaira mumvura, nekuti angori machakwi. Zvino vakanga vabvisa shangu dzavo ndokupeta makumbo etirauzi ravo, uye vaive vakagara pane imwe nzvimbo diki yakaoma, vachiita sokuomesa mbatya dzavo. Zvino vakaona hove huru iyi ichipfakanyika—pfakanyika mumahuswa, uye ndakanga ndichienda nemumvura kwayanga iri. Vakati, “Mirai zvishoma, Hama Branham, ndichakutorerai iyoyo.” Zvino vakamhanyirako. Zvino ndakanga ndaizvuvva, ndinofungidzira kuti hove yacho yakanga yatofa, irere mumashizha. Zvino vakamhanyako kunoinhonga. Uye, pavakadaro, vakaridza mhere, uye hevanoi vachidzoka. Chiva chakavaruma.

⁴⁰ Zvino takapatarisa, zvino pakanga pane maburi emazino enyoka patsoka yavo pavakanga varumwa nechiva, zvino zvaivarwadza zvakanyanya kusvika misodzi yave mumaziso avo. Vakati, vakanzwa sokuti mapfupa avo akanga obatwa nechiveve. Zvino hapo patakanga tiri, mamaira akawanda tiri kure mumachakwi. Ivo murume muhombe wekuti muvatakure. Uye kana nyoka yakuruma, unorwara zvikuru mumaminetsi mashoma kusvikira woita sewatofa. Zvino Leo akanga akamirapo. Uye chimwe chinhu chakauya mupfungwa dzangu, “Muchiri Mwari!” Zvino pavaive vakabata tsoka yavo uye vakaidzvinya, uye maburi 2 emazino iwayo makuru ari ipapo pavakanga vabatwa nechiva, ndakaisa maoko panzvimbo iyoyo ndokuti, “Ishe, zvakanyorwa mushoko reNyu, ‘Vachatsika pamusoro pemisoro yenyoka nezvinyavada, uye hapana chinhu chingazombovavadza.’” Zvino panguva iyoyo chaiyo, marwadzo ose akabva apera patsoka yavo. Vakapfeka shangu dzavo ndokuredza zuva rose.

⁴¹ Vakapinda husiku ihwohwo ndokuvaudza nezvazvo, vakati, “Zviri nani uende kuna chiremba.”

⁴² Vakati, “Kana Mwari vandichengetedza kusvika pari zvino, Vachandichengeta nzira yese.” Takaredza kwemazuva 3, havana kumborwara zvachose.

⁴³ Mwari vachiri Mwari. Vanochengeta vimbiso yese. Zvino pashumiro yangu yose, ndiko kekutanga kandakamboona Mwari vachiuya pane kurumwa nenyoka, nekuti kaive kekutanga kandakambowana mukana wekunamatira munhu akarumwa nenyoka. Kungokuzivisa kuti Vanochengeta vimbiso dzaVo dzose, uye Mashoko aVo akanaka uye ndeechokwadi. Amen.

⁴⁴ Rangarirai shumiro manheru ano neChitatu chino chiri kuuya. Uye namatirai mumwe munhu zvino anonyatsoda chaizvo kunamatirwa, anova ini. Uye, rangarirai, endai kumusangano waHama Roberts kana wasvika muguta, uye movapa kwaziso kubva patabhenakeri.

⁴⁵ Tisati taverenga Magwaro, ndi—ndinoda kuti timire netsoka dzedu kwechinguvana. Uye, pasina zviridzwa, ngatingoimbai korasi kana 2 erwiyo urwu runobwina rwakare rwechechi, *Kutenda Kwangu Kunotarisa KwaUri*. Zvakanaka, munhu wese batana neni zvino, uye ngatirwuimbei. Uye usafunge maimbiri auri kuita, ingorwuimbira kuti Mwari vapihwe mbiri. Mungatitungamirira here parwuri, Hama Neville?

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai kupomerwa kwangu kwose,
O ndiitei kubva nhasi uno
Ndive weNyu zvachose!

Apo ndofamba muninga yehupenyu ine rima,
 Uye kusuwa kwandikomba kwopararira,
 Ivai iMi Mutungamiri wangu;
 Rairai rima rive masakati,
 Pukutai kusuwa, kutya zvizve,
 Kana kundirega ndichitetereka
 Kubva kwaMuri ndichitsauka.

⁴⁶ Takakotamisa misoro yedu, ndinoda kuverenga kubva muzvinyorwa zvitsvene zveBhaibheri, Mutsvene Mateo, chitsauko 7, ndima 13 ne14. Uye dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo akapfuma patinenge tichiRiverenga.

*Pindai nesuo rakamanikana: nokuti suo rakafara,
 nzira yakapamhamha, inoenda kunoparadzwa, uye
 vazhinji vanopinda napo:*

*Nokuti suo rakamanikana, nenzira yacho inhete,
 inoenda kuhupenyu, uye vano iwana vashoma.*

⁴⁷ Ngatinamatei. O Mwari, iMi makamutsazve Ishe Jesu kubva kurufu uye kubva muguva, uye mukaVapa kwatiri mangwanani ano seChibairo chipenyu, mukuzvininipisa tinokumikidza hupenyu hwedu kwaMuri patsva, papfungwa dzokuti Muchatirangarirawo zvakanyanya. Tichiri vatadzi, takafa muzvivi nomukudarika, Makatuma Mwanakomana weNyu akazvarwa ari woga, akaitwa ari mumufananidzo wenyama ine zvivi, kuti ave murevereri wezvivi zvedu, kuti Asina mhosva, achitambudzikira vane mhosva, agotiyananisa pamwe chete zvakare mukuwadzana neMi.

⁴⁸ Uye, O Mwari, kana pane chivi pakati pedu mangwanani ano, chimwe chinhu chinogona kutadzisa Mweya Mutsvene kutiunzira Mharidzo yaMwari kune mumwe nemumwe wemoyo yedu, tinonamata kuti, mukuzvininipisa, Ishe, Mutiregerere kudarika kwedu. Tichenesei neRopa raIshe Jesu. Uyo... Tinoziva, isu pachedu, hatisi chinhu, uye tinopupura kuti hatisi chinhu. Asi iMi muri mutsvene, Muri wechokwadi, Muri kururama, Muri Chitubu chaicho chetsitsi. Uye tinokambaira ipapo mukuzvininipisa nhasi, semweya iri kutendeuka. Sechapupu chichangobva kupihwa, kubva kuJamaica uye nekubva kuPuerto Rico, uye uko kwaMakaita mabasa makuru akadai, O Mwari, chiratidzo chekuuya kwaiYe Akarurama.

⁴⁹ Nokudzikinura kwaMakaita Hama Evans kubva kumazino ane huturu hwenyoka iya, nokuti vakanga vari mutendi, uye Mashoko eNyu anogara ari echokwadi. Zvino, Ishe, tidzikinurei kubva kumazino erufu mangwanani ano, apo muvengi akatiruma uye akatiisa muchetura. Regai bhasami yeNyu inopodza, mangwanani ano, Ishe, izadze mweya yedu uye itichenese kubva mukusarurama kwose. Podzai hurwere hwemitumbi yenyama yakarwariswa nemasimba emuvengi. Vose vari muHupo hwaMwari, dai vapodzwa.

⁵⁰ Taurai kwatiri zvino kubudikidza neShoko reNyu rakanyorwa, Ishe. Ndisingazive chekutaure, asi iMi muchachipa. Uye Mutiyambire, Ishe, uye tiitei tigadzire Kuuya kweNyu. Nokuti tinozvikumbara muZita raJesu uye nokuda kwaKe. Amen.

⁵¹ Ndinogara ndakati nonokei zvishoma, nekuti ndamirira zvino. Uye veSunday school, ndinodaira, yabuda. Asi pane chimwe chinhu pazviri, pandinouya kumba ndinongonzwa sekunge ndine nguva yakawanda. Munoziva, tiri mukumhanya-mhanya kwakanyanyisa, hazvo. Saka, tichangotenda muna Mwari.

⁵² Ishe vedu vakanga vachipa yambiro yakasimba iyi kuvanhu vechizvarwa chaVo, vanhu vakanga vachinamata zvikuru. Zvino Vakati, “Suwo rakamanikana, nenzira yacho in hete, inoenda kuHupenyu, uye kuchava nevashoma vachaIwana.” Zvino, zvakanga zvisiri nokuti vakanga vasinganamati. Vainamata zvikuru. Uye nokuda kwekuti vakanga vachivimba nechechi uye mune zvimwe zvitendwa nemasangano, uye vakanga vatenda (kusvika pokuti) muna Mwari, vakafunga kuti zvinhu zvose zvakanga zvakanaka. Asi Akanga achivaudza kuti paizova nevashoma vaizopinda.

⁵³ Uye handzivewo mangwanani ano kana ndingasafananidza chizvarwa ichocho nechizvarwa chino. Munoono, kwakanga kuri kupera kwechizvarwa chechiJudha, uye Akanga achitaura pamusoro pezvakashiyana uye nemagumo akasiyana ezvizvarwa zvakashiyana, uye akanga achivaudza kuti chinhu chaicho chakanga chaitwa muzvizvarwa zvakare chakanga chichiiitwa pamberi pavo. Zvino vakatadza kuzvicherechedza. Uye ngationei zvimwe zvezvinhu zvaAkanga achitaura nezvazvo.

⁵⁴ Ivo, semuenzaniso, vaisagona kutenda kuti Mwari vaive muMunhu iyeye. Ndicho chaiva chimhingamupinyi chikuru chavaifanira kukwira nepamusoro pachu, kwaiva kuti iYe ari Munhu asi zvakadaro akazviita Mwari. Havana kugona kuona kuti Mwari vangagara sei munyama yemunhu. Uye mumazera ose, munguva dzose, Mwari vakagara vachigara mumunhu. Munhu mumiririri waMwari. Muchizvarwa choga-choga, Mwari vanotaura kuvanhu vaVo kuburikidza nemiromo yemunhu. Vanogara vachisarudza mumwe munhu kana chimwe chinhu chaVanogona kushandisa.

⁵⁵ Zvino Akataura kwavari, sechigumbuso chikuru, pamusoro paAbrahama. Akati, akavaudza kuti, “Kana muchizviti ‘vana vaAbrahama,’ Abrahama ‘baba’ venyu, akaona zuva raNgu uye akafara kuriona. Abrahama, muporofita.” Uye pasina kupokana kuti Jesu akanga achitaura kwavari kuti Akanga aratidza kwavari kuti Akanga ari Mesiya, nokuti chiratidzo chaMesiya chaiMutevera. Zvino chaive chakadaro muchizvarwa choga-choga, ichocho, chiratidzo chaMesiya. Asi zvakadaro

iYe achiZviita Mwari, Mesiya pachaKe, zvakavagumbura. Vakataadza kuzvinzwisisa.

⁵⁶ Zvino, Abrahama (uyo wavaidaidza kuti baba wavo) paakasangana naMwari, Vaivawo munyama zvakare, nokuti Vakadya nyama yemhuru, vakadya chimodho (nokunwa mukaka) nebhata, vari muhupo hwaAbrahama, asi zvakadaro Vaiva Mwari. Abrahama akaVaziva, Mwari, ndokuVadana kuti “Elohim,” anova Jehovha Samasimba. Murume akapfeka hanzu, ane huruva paMuviri waKe, ndokugara pasi pomuti, pane mumvuri, uye akadya nyama nokunwa mukaka. Zvino maJudha akarurama aya akatonhora, ane moyo une hutsinye, ane hundini, akatadza kuMutenda kuti aive Mwanakomana waMwari, uye vakati Abrahama ndibaba wavo. Zvino Akanga achivazivisa kuti Aiita zvinhu zvimwe chete, munyama yaKe, izvo zvakaitwa naMwari mune imwe nyama paVakasangana nababa wavo, Abrahama. Zvino Abrahama akazvitenda. Uye ivo havana kuzvitenda.

⁵⁷ Munoono, Abrahama paakanga akagara pasi petende rake nokuti akanga aita sarudzo, zvino sarudzo iyoyo inounzwa pamberi pemunhu wese anozvarwa munyika ino. Muti wezvakanaka nezvakaipa unoiswa pamberi pemunhu wese. Zvino apo Roti, mwana wemunin’ina wake, nevafudzi vavo pavakatanga kuita makakatanwa pamusoro penzvimbo; Abrahama, ari murume wakarurama, akati kwavari, “Ngapangorege kuba nemakakatanwa pakati pedu. Ingosarudza nzira yako yekwekuenda.” Nzvimbo iyoyo inouya muhupenyu hwemutendi wese. Uye iri pamberi pako mangwanani ano, uye iri pamberi pangu.

⁵⁸ Roti haana kufunga kuti aizodzokera shure, asi akaenda akatarisa neche kuSodhoma uko zvinhu zvakanga zviriri nyore. Uye pane nguva zhinji dzatinotarisa kunzira iri nyore. “Ndichajoinha chechi iyi yakati-ikati, uye, munoono, hapana anotombotaura zvinopesana nazvo, nekuti ndiyo chechi hurusa muguta.” Nzira iri nyore! Nguva zhinji tinozviita, apo, tiri kukanganisa!

⁵⁹ Rangarira, kana ukatevera Kristu, uchavengwa nevanhu, nokuti vose vanorarama humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa. Uye kana ukauya kuna Kristu, hauzouye nechechi ipi zvayo kana sangano ripi zvaro, kana chitendwa chipi zvacho. Uchauya neRopa, ndiyo nzira yega yekupinda nayo. Uye haugone kuunza mumwewo munhu pamwe newe, uchauya wega womira pakupupura kwako pachako nekutenda kwako pachako. Hauuyi nekwemufundisi, kana kutenda kwaamai vako. Uchauya sedungamunhu paunouya kuna Mwari! Uye nguva zhinji tinoita sarudzo dzehupenzi idzodzo.

⁶⁰ Ko dai Roti, paakaona zvinhu zvese zviriri nyore...? Akaona pakanga paine mari yakawanda uye nemukurumbira

wakawanda, nekuti aizova mutorwa, uye nemurume akangwara, akadzidza, nepfungwa zhinji dzakatesva, uye aigona kuita zvimwe zvinhu uye oramba aine chinamoto chake. Akafunga, “Ndine kutenda muna Mwari, saka ndichangoenda zasi kuSodhoma uye ndi—ndichaita imwezve mari, uye ndichava munhu mukuru, zvichida muparidzi anoshamisa.” Munoono, une sarudzo yekuita.

⁶¹ Uye ungoro ine sarudzo yekuita. “Ndichaenda kucheche iyi uko, iri, oo, munhu wese muguta anofunga kuti iyi ndiyo yakanakisa! Handiti, meya weguta anopinda chechi iyi.” Zvino, anogona kupinda chechi yainge yakanaka chaizvo, asi zvakadaro unofanira kuyera kereke iyoyo uye nevanhu vayo neMagwaro. Dzimwe nguva vanoenda nekuti inzira yakakurumbira, va—vanhu vacho vanopfeka zviri nani vanoenda kune dzimwe nzvimbo. Uye ndipo apo tinoita mhosho ine ru—rufu. Zvino cherechedzai izvi.

⁶² Uye Abrahama, chinhu chega chaaigona kuita kwaiva kutora sarudzo yechipiri. Zvino dzimwe nguva sarudzo yechipiri iri nani pane yekutanga, kana ikatorwa saizvozvo. Cherechedzai, hazvina kutora nguva yakareba, Roti paakaona guta guru, haana kuona mudzimai wake achishanduka kuita churu chomunyu, kunyange hazvo, haana kuona moto uchipisa guta. Asi Abrahama akatora nzira nevashoma vaJehovha vaizvidzwa. Akagara mumagwenga.

⁶³ Uye, zvakadaro, ko dai Sara akati . . . Zvino rangarirai, Sara akanga ari mukadzi akanakisa munyika yose. Pakanga pasina mukadzi akanaka saSara. Munhu wese, aimuona, aibva amuda. Zvino, zvingadai zvakave nyore sei kuna Sara kunge akatora mhando iyoyo yesarudzo. Asi akasarudza kugara naAbrahama.

⁶⁴ Oo, madzimai, musarega dhiyahore achikupofomadzai, muchiva nemukurumbira uye muchijoinha *ichi nechocho*. Imi garai naKristu! Nokuti, nguva yaswadera, kuparadzwa kukuru kuri kumberi, kwakaipa kupfuura Sodhoma neGomora, kunyika ino. Sodhoma neGomora dzichange dziri nani pane zvairi.

⁶⁵ Zvino, apo Abrahama akanga atora nzira yaakanga apihwa naMwari, uye akange aine nyika yakanga isina kuorera, akanga asina kubudirira zvachose. Asi zvakadaro aiziva chinhu chimwe chete, aishumira Mwari uye aitenda muna Mwari.

⁶⁶ Zvino rimwe zuva kwakasvika varume 3, uye vakanga vaine guruva uye vakarukutika, zvino Abrahama akavanzwira tsitsi, akati, “Huyai pano mugare pasi pemuoki kwechinguvana bedzi.” Zvino painge akamira ipapo achitaura navo, akacherechedza kuti vakanga vasiri vanhuwo zvavo, nekutaura kwavo. Vakanga vakasiyana. Zvino Abrahama akaenda akanouraya mhuru ndokuiita kuti igadzirwe, ndokuita kuti Sara agadzire chingwa uye nekugadzirira kuvapa chikafu.

67 Zvino rangarirai, 2 vavo vaive Ngirozi, Ngirozi munyama yemunhu, uye mumwe wavo aive Mwari pachaVo. Zvino Uyo akanga ari Mwari akanga akapira musana waKe kutende.

68 Zvino Sara ndokugara mutende. Ndinofarira kuona mudzimai achichengeta nzvimbo yake zvakadaro, asingabudi kunze achiudza murume wake zvekuita, uye pose panouya mumwe munhu. Asi akagara mutende. Pasina kupokana, zvichida achisuka ndiro kana kuita chimwe chinhu.

69 Zvino Uyu Aiva Mwari, Akaramba akatarisa akanangisa kuSodhoma, zvino Akavaudza zvaAizoita. Zvino Vatumwa 2 vadzakadzikako kundoparidza Evhangeri. Asi Mumwe akasarapo, ndiye Uya aive Mwari, uye Akati, “Handisi kuzovanzira Abrahamama zvakavanzika zvaNdinoziva, nokuti achava mugari wenhaka yenyika.”

70 Oo, tine kuzero mangwanani ano, chechi, kuziva zvakavanzika zveKuuya kwaShe. Nokuti, “Vakaropafadzwa vanoyanaisa, ivo vachanzi vana vaMwari. Vakaropafadzwa vane nzara nenyota, vachazadzwa. Vakaropafadzwa vakachena pamoyo, nekuti vachaona Mwari. Vakaropafadzwa vanyoro, nokuti vachagara nhaka yenyika.” Zvino, kana chechi yaMwari mupenyu ichizogara nhaka yenyika, hapana zvakavanzika zvainovanzirwa.

71 “Zvose zvaNdakaudzwa naBaba, Ndakakuudzai,” Jesu akadaro. Uye havana kugona kuMutenda.

72 Saka mumazuva aAbrahama, paAireva nezvawo, Akataura kuti Abrahamama paaitaura neMutumwa, uye musana waKe wakafuratira tende, uye Akaudza Abrahamama kuti Aizomushanyira nemwana. Zvino Sara, ari mutende, akaseka. Zvino Akati, “Sei Sara aseka?” Chii chaAiratidza? “Sei Sara akaseka?” Aingova maawa mashomanene kuparadzwa kusati kwaitika, pazvaitika. Nguva pfupi kuparadzwa kusati kwasvika, moto uya wakabva kumatenga ndokupisa guta, uye chiratidzo ichocho chakaitwa.

73 Jesu ndokuti, “Munokanganisa,” kuna vanachiremba vakuru vedhivhiniti, kurudzi rwevanamati umo mamiriyoni chaiwo akanga ari vatendi. Akati, “Munokanganisa, nokusaziva Magwaro kana Simba raMwari.” Kuchizvarwa chakadaro, vaiva varume vakanyatsodzidziswa, vaive vadzidzi uye vakakurira muhechi. Kana mwana achinge azvarwa, aitongova wechechi. Waifanira kuva muIsraeri. Mazuva 8 mushure mekuzvarwa kwako, kwaive kudzingiswa, uye waive muIsraeri kubvira pakutanga. Zvino huprisita hwakabva kuvaRevhi, avo vaive vakadzidziswa muMagwaro kwemazana emakore. Zvakadaro Jesu akati, “Munokanganisa, nokusaziva Magwaro!” Vaiaziva mubhuku ravo ivo redzidzo, vaiaziva nemakatekazi avo, vaiaziva nedzidzo yavo yebhaibheri. Asi Jesu akati, “HamuRizivi, Magwaro, uye hamuzivi Simba raMwari. Dai maiziva Abrahamama,

mungadai muchiNdiziva. Kana dai maiva vana vaAbrahama, maizoNdiziva, nokuti Abrahama akafara paakaona zuva raNgu, nokuti akafanoona zuva racho. PaNdakamira pamberi pake kumashure uko, ndiri mumutumbi wenyama, uye ndikaita izvi, akaziva kuti aive iNi, uye akaNdidana kuti ‘Elohim.’ Asi pano Ndinoita chinhu chimwe chetecho pamberi penyu, asi imi munoNdidaidza kuti ‘Bherizebhabhu.’”

“Oo,” vaiti, “tina Abrahama sababa vedu.”

“Munodana Abrahama kuti ‘baba’ venyu?”

⁷⁴ Akati, “Handiti, isu, tiri vechechi. Tiri rudzi rwunonamata. Tiri vanhu vakuru. Tiri vanhu vaMwari!”

Jesu akati, “Muri dhiyabhore, ndiye baba venyu.”

⁷⁵ Ndingafananidzira chizvarwa ichocho nechino, nhasi, apo kune mamiriyoni chaiwo evanhu vanozviti Makristu, uye vasingazive chii zvacho nezvaMwari sekusaziva kungaita muHottentot nezvehusiku hwemuEgipita. Kune varume nevakadzi nhasi, mamiriyoni chaiwo evanozviti Makristu vanoti ndevaKristu, vasingazive zvitevedzwa zvepakutanga zveSimba rerumuko rwaKe, uye vasina kumboravira kunaka kwaKe. Havana kumbonzwa Simba raKe. Meso avo akapofomadzwa kuChokwadi.

⁷⁶ Akati, “Muri mapofu, vatungamiriri vemapofu. Hazvizo. . . kana. . .kano bofu rikatangamirira bofu, vose havangawiri mugomba here?”

⁷⁷ Vakabva vafunga, “Isu tiri Makristu. Tiri vatendi. Tiri vemumachechi epamusoro-soro aripo. Vanarabhi vedu ndivo vadzidzi vakadzidzisa zvakanakisisa zvavari chaizvo.” Asi zvakadaro Jesu akavaudza kuti vakanga vasingatombosivi Magwaro.

⁷⁸ Munoono kuti Mwari vakazvivanza sei kumaziso evakachenjera nevakangwara, uye vakazvizarurira kuvacheche avo vanodzidza? Oo, Simba guru nekusaguma kwaMwari! Vakanaka sei kune avo vanoshuva kufamba zvakarurama pamberi paVo! Havazoregi kuvapa chinhu chakanaka.

⁷⁹ Uye tichiona zuva iro apo nyika yedu, pasi redu rino, rakaodzwa nechinhu chimwe chetecho!

⁸⁰ Jesu ainyatsoda kuvatwasanudza. Vakati, “Oo, Abrahama ndiye baba vedu. Uye tichava muKubwinya, Usanetseka nazvo, nekuti tinotenda muna Mwari. Tiri mapurofesa, uye tinotenda muna Mwari, uye tinodzidzisa vanhu vedu. Uye ndiwe Ani kuti uuye pano nechiratidzo chidiki chakare chi—chisinganzwisisike uye wowedza kuchidaidza kuti Mwari? Hapana zvauri kunze kwekuva Bherizebhabhu.” Hezvoka izvo, vaive nezvitendwa zvavo nesangano ravo.

Jesu akavaudza kuti, “Muri dhiyabhore.” Pafungei!

⁸¹ Uye ndingafananidzira chizvarwa ichocho nechino, nhasi patine mamiriyoni ari kujoinha machechi, tine makumi ezviuru. Zvino Mwari vanoburuka kuzogara muchechi yaVo zvakare, uye nokuita zvinhu zvimwe chete zvaVakaita ipapo, kuti vaZviite mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Uye vanhu vanofuratira pazviri, nguva dzose, vamwe kuti vave nemukurumbira, vamwe kuti vasaita sarudzo. Zvinomanikidzirwa pavanhu! Unofanira kuita sarudzo. Haugone kumira uri pakati. Unofanira kutaura kuti “hongu” kana “kwete.” Haufe wakabuda napasuwo iro uri munhu mumwe chete sokupinda kwawaita. Haugone kuzviita. Une sarudzo yekuita. Iitire Kristu mangwanani ano.

⁸² Vaifunga kuti chose chaiva chechechi chaizoponeswa. Jesu akati, “Suwo rakamanikana, nenzira yacho in hete, asi vashoma ndivo vachaiwana.”

⁸³ Regai ndikuyambirei mangwanani ano, chechi, chenjerai. Zvinotora nguva nhasi, muchizvarwa chedu chehunyeri chakazviruramira icho, chakazvikwanira pachacho chatiri kurarama machiri. Panguva iyo varume nevakadzi vanomira mumachechi nemumabhenji, uye vachiimba nziyo dzaMwari, uye vobuda muchechi iyoyo vonoputa midzanga, nokunwa hwiski, uye voenda kumadhanzi, uye—uye voraramira nyika, nokutaura nyambo dzine tsvina, dzakasviba, uye vozvidana kuti “Makristu.” Apo varume nevakadzi vanogona kufamba vachibva papurupiti kana kubva muchechi, uye kubva panzvimbo yeSimba rerumuko, apo chiratidzo chimwe chete ichocho chaMesiya chiri kufamba pakati pavo, vorega kuva chisikwa chitsva muna Kristu, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Apo mapepa anogona kuzvibuditsa; uye kubva kumahombekombe kuenda kune mamwe mahombekombe, kuenda nokudzoka, kubva kunzvimbo dzakagwamba nechando dzekuChamhembe kusvika kumasango ematropic ekuMaodzanyemba, Mwari vanozvitumira, uye vanhu vanogara vachizvifuratira. Zvino tingati kudii, ko tingaiti? Tinodzokera kuMagwaro kwaAkati, “Suwo rakamanikana, nenzira yacho in hete, asi kuchava nevashoma vachaiwana.”

⁸⁴ Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana womunhu.” Teererai, mumazuva aNoa, nyika yakanga izere nevanhu kunge sezvaingori nhasi uno. Sainzi dzavo dzaipfuura dzedu. Vakavaka masphinx nemapiramidhi uye vakaita zvinhu zvatisingakwanisi kuita nhasi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Vanhu vakawanda, zvakananyisa, vakangwara. Uye rangarirai, sainzi inoti nhasi, “Kwasara miniti 1 kusvika pakati pehusiku.” Kwasara miniti 1 kuti wachi isvike pekupedzisira chaipo. Nguva yapera kupfuura zvatinozunga. Ndinovimba kuti—ndinovimba kuti Mweya Mutsvene uchanyudza izvi mumoyo wemutendi wese, “semazuva aNoa”!

⁸⁵ Vangani vakaponeswa mumazuva aNoa, kubva muchizvarwa ichocho? 8, 8 kubva mumamiriyoni akawanda. Akati, “Ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu.”

⁸⁶ “Uye sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Pane vaidarika makumi ezviuru, pakanga paine 3 vakaponeswa.

⁸⁷ Unobva wati kwandiri, “Muparidzi, ko zviuru zvose zvichauya naYe?” Zvino, hama, zvakaunganidzwa nemuzvizvarwa zvakawanda.

⁸⁸ Ndingatoshamisika kana kukabuda dhazeni muchizvarwa chino. “Suwo rakamanikana, uye nenzira yacho inhete, asi pachava nevashoma vachaiwana.”

⁸⁹ Oo, ndinoziva machechi, zvavanotaura, “Kana ukaisa zita rako mubhuku uye ukava nhengo, *iri*, watova raiti.” Hakuna Rugwaro rwakadaro. Kana zvese zvine zita razvo pabhuku, uye nemu—muchechi, kuchange kuine mabhiriya akapetwa nemabhiriya akapetwa nemabhiriya, zvose zvichapinda. Ipapo mhando dzose dzemweya dzichange dzirimo, uye Denga richange riri muchinhano chakaita sei? Zvifungei zvino.

⁹⁰ Sekutaura kungaita mumwe munhu kwandiri, “Zvino chimbomirai zvisihoma, Hama Branham. *Nhingi-nhingi*, ndakavanzwa vachitaura nendimi, ndinoziva kuti vachange variko.”

⁹¹ Izvozo hazvirevi kuti vachange variko. Pauro akati, muna 1 VaKorinte 13, “Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu nedzematumba, uye ndisina rudo, handisi chinhu.”

⁹² “Oo, ndakaenda kumusangano *waNhingi-nhingi*. Oo, akaita mabasa makuru, kwazvo. Ndakamuona achiita kuti mapofu aone.”

⁹³ Kunyange hazvo anogona kunge akarasika. “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezva iroro uye vachiti, ‘Ishe, handina kuparidza here muZita reNyu, ndikaporofita? Handina here, muZita reNyu, ndikadzanga mweya yakaipa?’ Handina here, muZita reNyu, kuita mabasa makuru mazhinji?” Ahati, ‘Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, haNdina kana kutombokuzivai.’” “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho inhete, asi vachava vashoma vachaiwana.”

⁹⁴ Regai ndikupei zvakafungidzirwa zvinokuzunguzai. Maererano nesayenzi yezvokurapa, muguta reChicago, maererano nehumboo hwavanachiremba, kuti kune nyaya 30,000 dzemadzimai vakabvisa pamuviri muChicago chete, mumazuva 30, zvinozivikanwa navanachiremba. Mangani emapiritsi madiki aya nezvinhu zvavanonwa, zvekubvisa pamuviri?

⁹⁵ Zvinyorwa zvinoratidza, muUnited States, kuti kune vana vakawanda vehupombwe vanozvarwa kupfuura vana

vemuchato mutsvene. Munoziva here kuti Bhaibheri rakati, muna Dheuteronomio 14:2, kuti “mwana wehupombwe, zvaizatora makore 400 kuti zvizopera”? Vana vevana vevana vevana vevana vavo havagoni kumira muungano yaJehovha, makore 400, zvizvarwa 10. Makore 40 muchizvarwa. Baba vababa vababa vababa vababa vababa vababa vasekuru vavo vakanga vari mwana wehupombwe, havasitori munyaya yacho! Zvino chii? Ndiratidzei pazvakachinjwa.

⁹⁶ Tinosvika pakuvei? Uye zvino vehupombwe, nokuda kwehupombwe, nevakadzi vane zvivi munzira vanopfeka savarume, chinova chinyangadzo pamberi paMwari, vanoputa midzanga, vanonwa zvinodhaka, vanongonziwo zvavo Makristu. Mwari vasatendera zvavo boka rezvipfeve rakadaro! Ndizvozvo. Vobva vozvidaidza kuti Makristu? Ndosaka Jesu akati, “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho in hete, asi kuchava nevashoma vachaiwana.”

⁹⁷ Havazvininipisi. Vakaomarara. Tarisai, Dhavhidha paakaudzwa nezvechivi chake chaakaita, nokukurumidza akatendeuka, zvino Mwari vakamuda nokuda kwazvo. Ukavaudza nezvezvivi zvavo, vanoti, “Handichafi ndakadzoka pano zvakare.” Sei? Vane nzvimbo dzakawanda dzekuenda, vanokwanisa kuenda kumapako ehupombwe iwayo anogamuchira zvakadaro. Asi yave nguva yekuti vaparidzi vapfeke nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari uye vagoparidza Shoko vasingarerutsi, Vhangeri. Vanhu vanofanira kuzvininipisa.

⁹⁸ Hapachina kurevesa pakati peMakristu zvachose. Vanoda kuti, “Ndiri muMethodisti, ndiri muBaptisti, ndiri muPentekosti,” hazvireve *kudaro* kuna Mwari. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti]

⁹⁹ “Ndakataura nendimi, ndakaita minana.” Tinonyanya kusimbisa pane izvozvo, apo chiri chezvimwe zvinhu zvinonyanya kupofomadza chavanogona kuita. Chokwadi. Mvura inonaya pamusoro pevakarurama zvimwe chetezvo nevasina kururama. Mvura inodiridza zvirimwa zvimwe chete zvainodiridza mashawi, Roy. Mvura imwe cheteyo, Mweya Mutsvene mumwe chetewo unowira pavanhu. Zvakadaro hazvirevi. . . Hunhu hwavo hunofanira kusiyana, kubva mukati zvizhibuda kunze. Kwete kuonesa kunze kana kuratidza, asi Mweya wemukati waMwari mupenyu unoita kuti munhu iyeye ave chisikwa chitsva, uchininipisa mwoyo wake murume kana mwoyo wake mudzimai pamberi paMwari.

¹⁰⁰ Unoti, “Muparidzi, munoreva kundiudza kuti munopokana kuti dhazeni kubva mumamiriyoni aya nevanhu mabhiriyoni 4 pasi rose?” Ndinopokana kuti pachava nedhazeni vachapinda muKubvutwa. Pafungei! Ndiri kukuudzai zvakataurwa naJesu muno muVhangeri. Pafungei!

¹⁰¹ Zvakasvika papi? Nokuti kuora kwehunhu kwakapinda pakati pevanhu, vana vehupombwe vakatanga kuzvarwa, izvo zvinovadzima. Munoono, tinogona kumira pano kwemaawa, tichiisa zvinhu izvozvo panzvimbo, uye unogona kuona kuti tiri kurarama muchizvarwa chevanhu vakaora, vakashata kwazvo, vakaora kusvika kwekupedzisira. Ndosaka vasingagone kuona zviratidzo, ndosaka vasinganzwe Evhangeri, vakangoomarara, asi vachingova vanonamata uye vakazvirereka.

¹⁰² Jesu haana kutaura kudaro here, “Mweya unotaura pachena, mumazuva ekupedzisira vachava vakaoma musoro, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura Mwari, vanoputsa sungano, vasingagone kuzvidzora, vanotyisa, uye vanozvidza avo vakanaka, vane mufananidzo wehumwari?” Maona? Oo, unogona kudandizira, chokwadi. Unogona kutaura nendimi, chokwadi. Kutenda kuchadzinga madhimoni, chokwadi. Asi handizvo zvatiri kutaura nezvazvo.

¹⁰³ Unobva wati kwandiri, “Hama Branham, chiratidzo cheMukristu chii? Ndiani achaponeswa? Muchadaro here, Hama Branham?” Ndinozvisira kuna Mwari. Handizive. Ndiri kutotenda kuti ndakaponeswa. Ndiri kuenzanisa hupenyu hwangu, zuva nezuva, neShoko. Kana ndikasararama zvinoenderana neShoko iri, zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama, ndinofanira kudzokera ndonogadzirisira.

¹⁰⁴ “Asika,” unoti, “Hama Branham, kana vanhu vachitaura nendimi, hazvirevi here kuti vakaponeswa?” Kwete, changamire! Kwete, zvachose! Ndakanzwa varoyi nevaroyirume vachitaura nendimi, marudzi ese ehupenzi. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi uye vachirarama nemukadzi wemumwe murume. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi, uye vachisvetuka-svetuka vachidanidzira sokunge imba iri kubvira, uye vobuda vonoita mabhindauko asina kururama, uye vachiba, nokureva nhema, nezvose. Ungazvitarisira sei? Kwete, changamire.

¹⁰⁵ Vari nhengo yechechi, madhikoni muchechi, vakazvirereka kwazvo. Saka, unofunga kuti vaizotenga peturu neSvondo? Kwete. Asi neMuvhuro voita chimwe chinhu chakasviba uye chakawora uye chakaderera. Mwari vanogara mumoyo, kwete kunze, ndechimwe chinhu chinobva mumwoyo.

¹⁰⁶ “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho in hete, asi kuchava nevashoma vachaiwana.” Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, 8 kubva mumamiriyoni aye; sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, 3 kubva mumamiriyoni; ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana womunhu.

¹⁰⁷ Zvino munoono huori hwatiri mahuri. Munoono mafungiro ese, munhu, anobuda kunze uko uye dhiyabhore anoita kuti vaparidzi vakangwara vamire papurupiti vachirega vanhu vachiita zvavanoda havu.

108 Rimwe zuva mumwe munhu akati, “Handingakusei papurupiti yangu, munoita kuti madzimai emucheche mangu apenge.” Kwete, ndozvavatori nechekare. Zvinozovaunza kupfungwa dzavo dzakakwana, kuvaudza kuti vasiye kupfeka nhumbi idzi nezvimwe. Uye, zvinoka, mumwe munhu anofanira kuzviita.

109 Ndakati kumudzimai wangu, “Ndava kupenga here, pachangu? Ndave kupenga here? Kana kuti, chii chakakanganisika neni?” Chimwe chinhu chiri mukati hachigoni kunyarara. Ndinofanira kuZvitauro, handina basa kuti mumwe munhu anoti kudii.

110 Unoti, “Uchazoparadza shumiro yako.” Zvinoka, chero shumiro ipi ichaparadzwa neEvhangeri, inofanira kuparadzwa.

Mwari vatipe hushingi kuti timire neChokwadi nekutaura Chokwadi pamusoro pazvo! Chivi, zvinonyadzisa!

111 “Suwo rakamanikana,” Jesu akadaro, “uye nzira yacho in hete.” Uye imi munofunga kuti mamiriyoni, nemi mose maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, maPentekosti muchapindamo, muchange makanyengereka nezuva iroro. Jesu akati, “Vazhinji vachauya uye vogara muHumambo, voti, ‘Ndine kodzero yokuva pano.’” Akati, “Asi vana veHumambo vachavadziringira kunze. Kuchava nokuchema nokuungudza nokugeda-geda kwemeni.” Zviri nani uzviongorore mangwanani ano, Mukristu. Pachave negumi remamiriyoni akapetwa mabhiriyoni evanozviti Makristu, uye vakaperera mahupenyu hwavo, vachapotsa suwo racho. Jesu akataura kudaro.

“Vangani vari kupinda?”

112 Handizivi kuti vangani vari kuenda. Chinhu choga ndechekuti, “Mwari, itai kuti ndive mumwe wavo!” Ndizvozvo. Ndivo Mutongi. “Itai kuti ndive mumwe wacho.”

113 Unoti, “Hama Branham, mungaziva sei zvino kuti Mukristu?”

114 Handizive. Asi rega ndikuudze zvinotaurwa neMagwaro. Zvirokwazo unoZvitenda. Mweya Mutsvene pawakatumba panyika, Mwari vakataura kubudikidza neMweya Mutsvene. Vakatumwa mutumwa ikoko—ikoko, kutanga. Uye Vakati, “Pfuura nemuguta napakati pavanhu, ugoisa chiratidzo pahuma dzavo, kune avo vanogomera nokuchema nokuda kwezvinyangadzo, vachigadzirisa zvinhu izvozvo.”

115 Chinyangadzo chii? Mukadzi anopfeka hanzu yakafanana neyemurume. Zvinorwarisa Mwari. Wakambosvika here pane chinhu chinonyangadza? Marwarisiro achinokuita! Iwe hautombochidi. Mukadzi anopfeka hanzu yakafanana neyemurume, ndiyo nzira yazvinoita kuti Mwari vanzwe; unogona kuimba mukwaya, unogona kunamata mazuva

ose, nekudanidzira zuva nezuva, kana kuraramira Mwari mazuva ose, wakatukwa muHupo hwaMwari. Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neGwaro. “Chinyangadzo!” Uye avo vanotsigira zvakadaro vachava nechikamu nevanodaro.

¹¹⁶ Mwari tipei nyasha dzekumira tichipikisa zvakadaro. Kana uchifanirwa kumira wega, mira ipapo uye ubate Shoko raMwari muruoko rwako. Harimbofi rakakundikana.

¹¹⁷ Zvino tasvika pazuva, apo, chinyangadzo chevanhu. Uye Mutumwa akabuda achiisa chisimbiso zvakare. Nditsvagirei munhu mumwe chete muJeffersonville, kana muchida kuziva kuti ndiani achaponeswa, nditsvagirei munhu mumwe chete muguta redu anogomera nekuchema, anogara achinetsika nokushushikana, uye achinamatira zvinyangadzo zvinoitwa muguta. Unogona here kusimudza ruoko rwako worwuisa pamunhu mumwe chete? Wobva watora Gwaro iri, “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho in hete, inoenda kuHupenyu, vachava vashoma vachaiwana.” Ndivo voga vaifanira kusimbiswa.

¹¹⁸ Oo, ndinogona kukuratidzai vakawanda vanoenda kuchechei. Ndinogona kukuratidzai vakawanda vanoimba mukwaya. Ndinogona kukuratidzai vakawanda vanodzidzisa Sunday school. Ndinogona kukuratidzai vakawanda vanova vakuru ve—vemasosaiti makuru. Ndinogona kukuratidzai vazhinji vanodanidzira, vazhinji vanotaura nendimi, vakawanda vanoshanda mubasa reEvhangeri.

¹¹⁹ Asi ndiratidzei 1 ari kunetsekana kwazvo pakadzika mumoyo wavo pamusoro pezvivi zvenyika! Ndiratidzei muparidzi anogona kumira nhasi achipomera masangano iwayo. Ndiratidzei muparidzi anomira uye otaura zvinhu, nokupomera masangano iwayo. Zviri nani atorega zvake, anodzingwa, ndiwo muhoro wake.

¹²⁰ Ndosaka Billy Graham akaudza Jack Moore, akati, handione kuti misangano yangu inomira sei, akati, “Haasi muBaptisti, kana muMethodisti kana muPentekosti.” Akati, “Uye vose vanopikisana naye.” Chokwadi, handisi kutaura izvozvo... Chikonzero ndadaro, handikwanise kuzviture paruzhinji. Ndinozviture kuchechei yangu pachangu. Ndiri kunetsekana, nekuti nguva yekuyedzwa iri pandiri.

¹²¹ Vanoti, “Kana ukauya, zvichanaka, asi usataure chinhu pamusoro peiZvo.” Zvitongori nani unyarare zvako.

¹²² Ndichaparidza zvandakanzi naMwari ndiparidze! Ndizvozvo. Mumwe we 8 vaya achava pane imwe nzvimbo. Mumwe wavo achava pane imwe nzvimbo. Asi pazuva iroro handidi kuve nemhosva yekuti ndakarerutsa nekuda kwechimwe chitendwa kana imwe dzidziso yechechei, kana rimwe sangano. Ndakaparidza Chokwadi!

123 Vanoti, “Ko sei imi, ko sei shumiro yenyu, Hama Branham, inoratidzika kuve yakakura kwazvo, ko sei isingapararire sezviri kuita vamwe varume ava?”

124 Ndizvozvo ipapo, ndizvozvo. Ndinopinda mumaguta, munofunga kuti Assemblies of God ingashanda pamwe neni here? Kwete kune zvandinotenda, havadaro. Unogona kuwana mumwe nenguva dziri kure. Munofunga kuti Methodist ingadaro here? Edza, ugoona. Iva maneja wangu kwevhiki. Kana uchinopinda, unopinda muZita raJesu. Ndizvozvo.

125 Oo, hongu, vanokusvitsa ipapo, chokwadi, vanokusvitsa ipapo pane imwe nzvimbo, uye kuitira kuti usazobatana navo nenzira ipi zvayo yakadaro. Uyezve paunoenda, vanoti, “Oo, zvino, Hama Branham vakangoita sevakati rasikei njere zvisihoma, munoziva. Ivo. . .”

126 Kana ndakarasika njere, saka Bhaibheri rakatsauka paDzidziso. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri! Hongu, changamire. Tarirai!

127 Jesu akati, “Sei muchiNdidaidza kuti ‘Bherizebhahu’? Makatenda Soromoni, chiratidzo chake chekunzvera. Makatenda zuva rake. Mambokadzi weZasi akabva kuzasi kwenyika, kuzoona chipo ichocho, iye ndokuchitenda paakachiona. Asi munogara muchichiona zuva nezuva, uye morega kuchitenda.”

128 Uye vanun’una vaKe Chaivo havana kuMutenda. Vakati, “Iwe endaka kumusoro kumutambo,” Akati, “asi haNdisi kuenda zvino.” Akaenda neimwewo nzira, nokuti hama dzaKe pachaKe dzakanga dzisingaMutendi. Ndizvozvo. “Suwo rakamanikana, nenzira yacho in hete, asi kuchava nevashoma vachaiwana.”

129 Pazvakasvika kuvadzidzi, pamangange, kuti vaive papi? Mukadzi nemurume vakamira pamuchinjikwa naYe, Johane naMaria. Vamwe vose vakanga vaenda.

130 Aya ndiwo mangange. Ino ndiyo nguva yacho. Ndipo apo Mwari vari kuita zvinhu. Ndipo apo Mesiya anenge ari panyika. Ndipo apo Simba raMwari riri kufamba muvanhu vaVo. Uye vanovadaidza kuti “vaumburuki vatsvene, vanopenga, vakarasika njere,” oo, zvakada kudaro. Asi nguva yasvika!

131 Zvechokwadi pachava nekuodzwa mwoyo kukuru pazuva rekutongwa.

132 Oo, wemashabhini, anoziva kwaachange ari pazuva rekutongwa. Nechigonamubhawa chinoziva kwachichange chiri. Nechipfeyewo zvakare chinoziva pachichamira. Naiyewo anoita zvekubheja anoziva paachamira. Nechidhakwawo chinoziva pachichamira. Hachizoori moyo.

133 Asi kuchazova nevakaodzwa mwoyo, ndevaya vaifunga kuti vakarurama. Ndipo pachu pane kuwodzwa moyo.

“Pavanozovika kumusoro ikoko, voti, ‘Chokwadi, takadzinga madhimoni muZita reNyu. Isu tiri vaparidzi. Tiri vemumachechi akati-akati. Takaita minana mikuru. Oo, takaparidza! Handiti, ndainge ndiri—ndainge ndiri mutariri muchechi. Ndainge ndiri mubhishopi. Ndainge ndiri *chakati*.’ Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, haNdina kana kumbokuzivai.” Hezvoka izvo. Ndiko kuwodzwa mwoyo. Akati, “Vana vevana vavo vachapinda vogara muHumambo, voti, ‘Tine kodzero yekuve pano,’ zvino vachakandirwa kunze kurima rekuze, uko kuchava nekuchema nekuungudza nekugeda-geda kwemeni.” “Suwo rakamanikana, nzira yacho in hete, inoenda kuHupenyu, vachava vashoma vachaiwana.”

¹³⁴ Kwamuri, vanhu vangu vanodikanwa, mangwanani ano, teererai kune izvi. Handina kumbobvira ndaita zvekufungidzira izvi. Ndine mungava wekuRitaura. Ndizvo zvoga zvandine mungava kwazviri. Kana ndikasamboparidza imwe mharidzo muhupenyu hwangu, ndicho Chokwadi: kuchangove nevanhu vashoma vachaponeswa. Ingozvirangarirai izvozvo: vangori vashoma kwazvo. Iwe iva mumwe wavo.

¹³⁵ “Ndivanaani, Hama Branham?” Handizive. Hapana mumwe anoziva. Tinoshingairira ruponeso rweedu pachedu nokutya nokudedera.

¹³⁶ Asi iwe iva uri mugwara naMwari. Kana mwoyo wako usingaroverane neBhaibheri iroro, zvino pane chakatsveyama, pane chakatsveyama. Zvisinei nezvinotaurwa nechechi yako, haugone kupinda naizvozvo. Unofanira kupinda neizvo zvakataurwa naMwari. Iri ndiro Bhuku rauchatongwa kubva mariri, Bhaibheri. Gara naRo!

¹³⁷ “Oo,” unoti, “asika, ndakabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu.” Ndizvozvo, iBhaibheri. Asi kana hupenyu ihwohwo husingariteveri, hapana zvazvinokubatsira zvakanyanya kuti ubhabhatidzwe.

¹³⁸ Unoti, “Asika, ndakagamuchira Mweya Mutsvene.” Zvakanaka, ndizvo zvaunofanira kunge wakaita. Asi kana hupenyu husiri imomo!

¹³⁹ Rangarirai, shawi rinogamuchira simba rimwe chetero rinowira pagorosi roriita kuti rikure, rinoita kuti shawi ridanidzirewo, zvakare. Kashawi kadiki kakare kanonyatsosimuka uye kachingofara sezviri gorosi. Ndizvozvo, kanorarama nehupenyu humwe chete. Uye mutadzi anogona kugara muHupo hwaMwari, odanidzira kukunda, uye orarama seMukristu. Asi kana pasina chimwe chinhu chakasiyana mumoyo! Anogona kuva neSimba rimwe chetero rekudzinga mweya yakaipa. Jesu akataura kudaro. Anokwanisa kuparidza Evhangeri sezvinongoita mumwe muparidzi wese. Ndizvozvo chaizvo, zvakataurwa naJesu. Bhaibheri rinozvidzidzisa. Hongu, changamire. “Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu

nedzevatumwa, kunyange ndikapa muviri wangu kuti upiswe sechibayiro, ndopa zvinhu zvangu zvose kupa varombo zvokudya, ndi—ndiine kutenda kwekufambisa makomo, ndoita zvinhu zvose izvi, ndinoparidza muZita raKe, ndinodzinga madhimoni muZita raKe,” akati, “handisi chinhu.” Saka, aigona kuzviita, uye “asiri chinhu.” Mabata pfungwa yacho?

¹⁴⁰ Zvino, chinhu chokuita ndechokuti, kubva mumwoyo mako, iva Mukristu, zvino pinda nesuwo rakamanikana. Nokuti, yakapamhama nzira inoenda kunoparadzwa, uye mamiriyoni akapetwa mamiriyoni muchizvarwa chino chevatendi vachapinda napo. Nokuti, suwo rakamanikana, uye nzira yacho in hete, ungori iwe naKristu moga.

¹⁴¹ “Nzira in hete inoenda kuHupenyu, uye vachangova vashoma bedzi vachaiwana.” Zvino, ndiwo Mashoko aIshe vedu. Ini zvangu! Chii chaVakanga vachiita? Vakamira ipapo, vachinzvera pfungwa dzavo.

¹⁴² Zvino akati, “Iye ndiBherizebhabhu. Manje, Angava Mwari chirudzii? Munhu! Huchenjeri uhwu hwakabvepi?” vakadaro muguta raKe Omene.

¹⁴³ Ukafamba uchipinda muguta muno, zvinoita sekunge... Handitauri izvi ndichikuzvidzai imi vanhu; muri Makristu, munondida. Uchingopinda muguta muno, uye zvinoita sokunge simba raSatani rinokuwisira pasi. Nzvimbo ino yakatukwa. Guta rino rakatukwa.

¹⁴⁴ Billy Graham akati chii paakapinda muLouisville? Akati ndiyo “nzvimbo ine madhimoni akawandisa” yaakanga ati amboona muhupenyu hwake. Akazviisa mubepa, akati, “Unogona kungonzwa kutsimbirira kwadhiyabhore.”

¹⁴⁵ Chokwadi, ndinozvanzwa. Sei? Uno ndiwo musha wangu chaiwo. Jesu paakadzokera kumusha kwaKe Chaiko, Akati mabasa makuru mazhinji haAna kugona kuaita, nokuda kwekusatenda kwavo. Akati, “Muporofita haashaiwe rukudzo, muparidzi, kunze kwekunge muri munyika yake iye—yake iye, pakati pevanhu vekwake.” Maona? Hauna zvaunokwanisa kuita, Gwaro rinotaura kudaro. Maona?

¹⁴⁶ Zvino, kana uchifamba muguta muno! Uye usandiudza kuti handizive. Ndinosvika pane vanhu vanondikwazisa ruoko uye voti, “Oo, Hama Branham, ndinokudai.” Zvino uchiziva hako kuti inhema! Unoziva kuti inhema. Kana Mwari vachigona kundiudza nekunzvera zviri mumoyo, ko vangazotadza sei kundiudza izvozvo?

¹⁴⁷ Chokwadi, uye pakati pavanhu vako chaivo vemuguta! Pavanokuona, voti, “Zvino, munoziva, ndakaona apo mumwe wakati-wakati...”

“Kupi? Kwaive kupi?”

“Kumusoro uko...”

“Huh! Tinoziva muchinda iyeye!”

¹⁴⁸ Unozvzwa. Rega ndikuudze, rega mumwe munhu auye kumba kwako asingakufariri zvakanyanya, ogara mumba mako zvishoma uye unonzwa manzwiro aya asinganzwisisike. Zvipete izvozvo ka14,000 zvino, unobva wabata zvandiri kutaura nezvazvo. Wozopinda munzvimbo iyo munhu wese anokuda, manzwiro aya ekugamuchirwa, ekungoti, oo, ini zvangu, uye unogona kungogarapo zvachose, munooni. Ndizvozvo, munooni, mweya. Uye vanhu havazivi kuti chii, vanoshaya kuziva kuti sei vanhu vakasvibiswa kwazvo.

¹⁴⁹ Chii chinoita kuti madzimai akanaka, chii chinoita kuti madzimai akanaka apfeke hembe idzodzo dzisina hunhu uye vobuda kunze ikoko? Chii chinoita, kunyangwe zvino kuchiri kutonhora, vasikana vaduku vane makore 16 ekuberekwa, akapfeka hembe dzaasingafaniri kupfeka pamberi paamai vake, uye ari kunze mumugwagwa? Imhaka yekuti, kwete mwana iyeye (mwana iyeye haazive zviri nani), asi nekuti mumwe muparidzi papurupiti akatadza kumira panzvimbo yake yebasa. Ndizvo chaizvo. Chokwadi. Madzimai anopinda mumugwagwa, uye vose vakapfeka zvinokwezva ruchiva nezvimwe zvakadaro, vatadzi vobva vavatarisa uye asingazivi kuti chaizvo-izvo mudzimai ane mhosva sekunge ararama nemurume iyeye. Jesu akataura daro! Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita hupombwe naye mumwoyo make, uye achatofanira kuzvidavirira pazuva rekutongwa.” Suwo rakamanikana, uye nzira yacho inhete!

¹⁵⁰ Ndinoziva kuti munofunga kuti ndiri muchinda akaoma. Handina kuoma! Ndiri hama yenyu, uye ndinokudai.

¹⁵¹ Tizai kutsamwa kuchauya! Enda kumuchinjikwa uye wonochemba kusvikira mwoyo wako wazadzwa neMweya waKe, uchakufuratirisa kuzvinhu zvose zvenyika, uye wofamba zvine humwari pamberi paKe, nemoyo wako uchipfutira iYe. Rudo! Kwete kuva nemutoro. Kristu haasi mutoro, kushumira Kristu, rudo rwunoshumira Kristu. Rwunokumanikidza, rwunokugombedzera, kusvikira kupfakanya kwese kwehupenyu hwako hwave kuroverana naYe. Ndipo paunooni chivi.

¹⁵² Uye Akachema ari panyika. Zvakashungurudza Mwari mumazuva aNoa, paVakaona mwoyo yacho. Jesu ndokugara pamusoro pechikomo, uye akati, “Jerusarema, Jerusarema, kanganiko kaNdingadai ndakakuvhumbamira, asi nguva yako yasvika uye imba yako yasiwa yava dongo.”

¹⁵³ Ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana waMwari, mwoyo yomutendi chaye wechokwadi yakaputsika. Iye anoona zvino kuti panofanira kunge paine rumutsiro rwuri kutsvaira nyika ino. Rwungavapo sei kubudikidza neboka revehupombwe? Rwungavapo sei, ivo vakatukwa pakutanga?

¹⁵⁴ Humambo hwaMwari hwakafanana nomunhu akakanda mambure mugungwa, uye, paakaaburitsa, akanga aine kamba dzomumvura, hamba dzemumvura, nyoka, matatya, dzimwe dziri hove. Aisava iye wekusarudza kuti chii, akangoakandira pamahombekombe. Ndizvo zvinoita Vhangeri. Ndizvo izvo Billy Graham, Oral Roberts, inini, nevamwe vaparidzi vose vari kuparidza Evhangeri, vanoakandira kunze, voadhonzera mukati, “Havoka avo, Ishe.” Asi chii chatiri kuita nguva dzose? Tinoona kuti, usati watombodzoka zvakare, zvadzokera mudziva zvakare. Chii ichocho? Pakutanga kwacho, yakanga iri kamba yemumvura. Izvozvo hazvina kuishandura, kubatwa mumambure eVhangeri. Yakanga iri kamba yemumvura kubvira pakutanga. Yakanga iri hamba yemumvura kubvira pakutanga. Yakanga iri nyoka kubvira pakutanga. Aive munyengeri asati atombouya muchechi. Akanga asitomborina chishuwa chekurega kunwa kwake nokubheja, nokusvuta nokureva nhema, nokuba. Akangopinda nekuti aitya gehena. Uri kutowedzera kuzviita nhengo yaro, paunoita izvozvo. Ichokwadi. “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho inhete, uye vachava vashoma vachaiwana.”

Ngatinamatei.

¹⁵⁵ Ishe, oo, ndinzverei, Ishe. Nditongerei mhosva yangu zvino, Ishe. Musandirega kuti ndiuye pamberi pekutongwa mberi kweNyu, mushure mekuperidza nenzira iyi. Oo, kana paine chinhu chisina kuchena mandiri, Ishe, chibvisei, ndapota! Tinoona zuva ratiri kurarama mariri, apo varume nevakadzi vari kuomarara kwazvo. Vanonyara. Makati imwe nguva, “Hapana kana kunyora pakati pevanasikana veZioni.” Kudzikama kwavo kwakasotorwa zvekuti havachatombonyara zvachose. O Ishe, pafungei! Uye tinoziva kuti wachi iri uko iri kufambira mberi, kwangosarirwa neminiti 1 kana 2, zvino kuparadzwa kukuru kwobva kwauya, zvino regai ane tsvina agare ane tsvina.

¹⁵⁶ Mwari, tipeputsei tose mangwanani ano. Tizunguzei, Ishe! Tinoona zviratidzo zvichioneka. Tine meso edu akazaruka kuti tizvizive izvozvo. Tinoona mamiriyoni, mamiriyoni, Ishe, vakafuratira uye vakaenda. Handizive kuti, chii chandingaita, chii chandingaita, Oo Ishe? Pane chimwewo here, Ishe? Kana zvichitorera kuparidza kwakawedzerwa, munamoto wakawedzerwa, chero hacho chakawedzerwa, ndibatsireiwo, Ishe, kuti ndigounza Mharidzo kuvanhu. Chii chandingaita? Asi vanoramba vachiRamba. Munoita zviratidzo zveNyu zvikuru uye moita zvishamiso zveNyu, asi zvakadaro vanhu vanoramba vachifamba vachienda. IGwaro reNyu here rinofanira kuzadziiswa, ndiyo nguva yacho here yekuti “Hapana munhu angauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose avo Baba vakaNdipa vachauya kwaNdiri”? Ishe Mwari, itai kuti mangwanani ano vanhu vapepuke vaone chiratidzo ichi chekupedzisira chenyika. Ndinonamata, Mwari,

kuti Mupe chimwe chinhu kuvanhu.

¹⁵⁷ Ropafadzai vanhu vashoma ava pano mangwanani ano. Mwari, tangai naHama Neville, Ishe. Podzai mutumbi waVo. Vari kurwara mangwanani ano, Ishe, vane mudumbu. Ndinonamata kuti ruoko rweNyu rwunopodzwa ruwve pavari. Denhai mweya wavo.

¹⁵⁸ Mwari, endai mukati meungano ino. Pane varume nevakadzi vagere pano vandisingazoono zvakare kusvikira zuva riya rekutongwa, zvino ndinofanira kuzodairira. Asi ndaverenga Shoko reNyu, “Suwo rakamanikana, nenzira yacho inhete, asi vashoma vachaiwana.” O Ishe, regai ava vave “vashoma” ivavo, vamwe vavo, Mungazviitawo here, Ishe? Zviitirei munhu wese ari pano.

¹⁵⁹ Ndinonamata semunhu zvaangagona kunamata. Ishe, vanhu ava vangatondiitira chero chinhu zvacho, kana zviri zvokundibatsira. Dai ndaiva nenzara, vaizondipa chikafu. Dai ndaida sutu, vaizoitenga. Vangatoenda vose kunonditengera motokari, kuti ndiparidze Evhangeri. Vangatoita chero chipi zvacho nenzira iyoyo. O Baba, nzverai mweya yavo mangwanani ano, ndapota itai, uye regai vazviongorore pamberi peNyu. Handizivi, ndinovimba kuti mumwe nomumwe wavo Musanangurwa iyeye. Uye mudiisewo ipapo, zvakare, Ishe. Uye kana paine chikonzero mandiri chekuti ndisaveko, Ishe, iMi chingochizarurirai kwandiri, ndichachigadzirisa iko zvino. Ndinoda kuva nechokwadi, Ishe, kuti mangwanani iwayo hapazovi nedambudziko parwizi. Ndinoda kupinda nezuva iroro. Uye handizivi kuti ndiriinhi, angangove ari nhasi uno. Saka, ndibatsireiwo ndizive, batsiraiwo vanhu ava vazive.

¹⁶⁰ Uye patinoona mwoyo yedu isina hanya! Oo, tinoitirwa zvakanaka neMharidzo yakanaka yatinoteerera paredhiyo, kana kuenda kuchechi. Tinofarira Mharidzo yakanaka. Hazvitinetse kutaura nezvaJesu pane imwe nzvimbo. Asi, Ishe, chivi chave here mutoro kwazvo kwatiri, uye chinounza misodzi mumaziso edu, tichigomera nokuchema nokumira tichipikisana nacho, zvose hazvo, zvinyangadzo zvinoitwa muguta? Ishe, itai kuti Mutumwa waMwari azvione patiri, uye atiise chiratidzo. Zviitei, Ishe.

¹⁶¹ Kunyangwe zvakadaro huyai, Ishe Jesu, zvino mugadzirire mwoyo yedu, uye mutipe zviratidzo zveNyu zvechokwadi zvekuti Muri pakati pedu, kuti tizive kuti tiri kugamuchira—kugamuchira chiratidzo chekupedzisira chizvarwa chino chisati chapera.

¹⁶² Uye tinoona kusaringana kwazvo, apo varume vachigara munyika uye vachibereka vana nevakadzi vevamwe varume, uye—uye nevasikana vaduku vari mumugwagwa, uye nemazana akadzingwa kuzvikoro gore negore uye vezera rekuyaruka vachiva vanaamai, uye hapana ruremekedzo, uye kuti vakadzi

vari kuva chepfu, pachezvavo, nekusvuta ne—nekunwa, nematerevhizheni nezvimwe zvakadaro zviri kusvibisa pfungwa dzevana. O Ishe, zvichamira kusvikira rinhiko? Uye iMi, muri Mwari Mutsvene!

¹⁶³ O Baba, ndi—ndine manzwiwo asinganzwisike nhasi ekuti chimwe chinhu chinofanira kuitwa nekukurumidza, Ishe. Handizive zvekutaura, asi ndinonamata, Ishe, kuti Mugoisa mumwoyo yedu zvekuita. Tipeiwo zvinhu izvi, Ishe. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

¹⁶⁴ Nguva yave kupera. Munhu wese ane njere dzinofunga zvakakwana, anoziva kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Hapana munhu ari muchivakwa chino, ane pfungwa dzake dzakanaka, asingazive kuti nyika ino haigoni kumira muzvinhano izvi.

Hatigoni kumira, shamwari. Hapana chinhu chimwe, semufundisi wenyu nehama wenyu, hapana chinhu chimwe chandingakutungamirirai kwachiri mangwanani ano kunze kwaJesu Kristu. Hapana chinhu chandinoziva. Chimbofungai nezvezvinhu zvakaporofitwa kuti zvichauya Kubvutwa kusati kwaitika, zvose zvandinoziva zvakatozadziswa.

¹⁶⁵ Unoti, “Ko munembo wechikara?” Ndiwo uri kuuya munguva yeKutambudzika. Chechi ichange yaenda ipapo. Hapadi kuti uise mucherechedzo pane ava, ava vatoenda kare, munoona. Kuiswa mucherechedzo kuri kuitika izvozvi. Mucherechedzo ndiwo uri kuratidza, mhando yacho. Tizira kuna Mwari, tizira kwaVari nokukurumidza!

¹⁶⁶ Handizivi mangwanani ano, takamirira pano kwechinguvana. Uye ndinonzwa sezvamuri kuita. Ndi—ndinogona kunzwa manzwiwo enyu, mumwe nemumwe wenyu achiedza kufunga, “O Mwari, ndinzvereiwo!” Ndiwo manzwiwo andiri kuitawo, zvakare. Ndinocherechedza kuti Mharidzo idzi dzakadai, shamwari, hadzifarirwi pakati pevanhu. Unovatsiura uye unova- . . . iwe—iwe unongovaderedza. Mumwe munhu anofanira kuita izvozvo. Ndinoshuva kuti dai anga ari mumwewo munhu zvichida. Asi kana mujenya ukawira kwandiri kuti ndizviite, kana ndichifanira kuva mudzimai wokukorobha, regai ndikorobhe. Kana ndiri . . . Dhavhidhi akati, “Ndingasva hangu ndava chitsiko chepamusuwo weMba yaMwari, pane kugara mumatende nechivi.” Ndizvozvo. Chero chipi icho Mwari vanoda kuti uite, chiite. Usanyara. Kana paine . . .

¹⁶⁷ Uye, rangarirai, ndinoziva kuti chinhu chikuru. Iti, “Hama Branham, munoti mweya 8 chete ndiyo ichazoponeswa?”

¹⁶⁸ Handizivi kuti vangani vachaponeswa, handingakwanisi kukuudzai. Asi ndinotaura chinhu chimwe chete: pachave nevashoma kwazvo, muzuva rakadai. Chimbofungai, muzuva iroro raAinge ari, vangani vakaponeswa. Fungai nezvezuva

raNoa, uye zuva raRoti—Roti, navo vose, Akati, “Ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu, nokuti, suwo rakamanikana, uye nzira yacho inhete.” Unoona, unopinda wega, pamwe naYe, uye ndizvo zvoga. Maona? “Uye asi vachava vashoma vachaiwana.” Vangani vanotenda kuti iChokwadi cheVhangeri? Jesu Kristu akataura kudaro, “Kuchava nevashoma vachaiwana.” Vashoma-shoma chete. Iva mumwe wevashoma ivavo. Ndinoziva kuti zvakaoma, zvinoremera. Zvino zvinondiremera kuzvitaure, ndichinzwa rudo rwemunhu kwamuri, asi rudo rwaMwari rwunondimanikidza kuti ndikuudzei.

¹⁶⁹ Zvino, Mweya Mutsvene mumwe chete wakashanda mumazuva aAbrahama, ukashanda mumazuva aKristu, wakavimbiswa kuva pano kuzoita zvimwe chetezvo. Ari pano. Zvino, kana ndakuudzei Chokwadi, Mwari vanosungirwa kuChokwadi ichocho.

¹⁷⁰ Kana ndikasachengeta shoko rangu, handisi munhu anotaura chokwadi. Kana ukasachengeta shoko rako, hausi munhu anotaura chokwadi. Zvino, ndinogona kukuvimbisa chimwe chinhu uye ndotadza kuchiita, asi—asi ndinouya kuzokuudza. Kana ndine chikwereti chako, uye ndokunzvenga, ndiri munyengeri. Kana ndikauya kuzokuudza kuti, “Ndine chikwereti chako, asi handikwanise kukubhadhara, asi ndichaita nepandinogonesesa napo,” zvino unondiregerera uye wondibatsira. Maona?

¹⁷¹ Tose tine chikwereti kuna Mwari. Tine mungava wehupenyu hwedu kwaVari. Ngativei vakatendeseka nezvazvo. Unofamba uchibuda uye woti... Usati, “Zvinoka, zvino tarisai, ndiri—ndiri muPresbyteriani. Ndiri muMethodisti. Ndiri muPentekosti. Ndiri weChurch of God. Ndiri muNazarene. Ndiri wePilgrim Holiness.” Usafunga izvozvovo! Kuchava nemamiriyoni eivavo mugehena. Iwe iva Mukristu, muna Kristu.

¹⁷² Vangani vachati, “Hama Branham, ndirangarireiwo mumunamato zvino, ndinoda kusimudza?” Mwari vakuropafadzei.

¹⁷³ Ishe, Munoono maoko avo. Nguva yasvika, Mweya Mutsvene mukuru wanyararidza chivakwa chino mangwanani ano. Ndinonzwa Hupo hweNyu. Ndinocheredza kuti Muri pano kuzoremekedza Shoko reNyu, “Ini Jehovha ndakasima, uye Ndichachidiridza siku nesikati, kuti parege kuva nomunhu angachidzura kubva paruoko rwaNgu.” Makatumira Shoko reNyu kuti riite chinangwa, uye Richa—Richatofanira kuita izvozvovo, Ishe. Gwaro rinoti Muri mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.

¹⁷⁴ Havana kukwanisa kutenda, vanhu vava mumazuva eNyu havana kukwanisa kutenda kuti Mweya Mutsvene waiva maMuri. Uye MakaZviita (muri Munhu) Mwari, izvo, Makanga

muri Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara akauya panyika kuzotidzikinura kubva kuzvivi zvedu. Uye nokuda kwekuti vakaona Mweya waMwari maMuri, vakaedza kuita kuti zvine zvakasiyana. Uye Makavaudza, Ishe, “Handizi iNi ndinoita mabasa, ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Vanoita mabasa. Kana makadaidza Abrahamama kuti ‘baba’ venyu. Abrahamama akaona zuva raNgu.” Chokwadi, akariona, paakanga akamira naYe, akaMuona achiita mabasa iwayo uye nechiratidzo. “Akaona zuva raNgu ndokufara.” Akati, “Munokanganisa, nokusaziva Gwaro kana Simba raMwari, kuti Mwari vaikwanisa sei kufukidzira mhandara, uye yobereka Mwanakomana (nekuberekwa nemhandara) uye vogara pachaVo muhuzaro hweSimba raVo, muMunhu mumwe chete iyeye.”

¹⁷⁵ Uye kuti Vaigona sei kutora Ropa rimwe chetero kubva muMutumbi iwoyo waVakapa seChibairo, uye vochenesa vanhu avo ivo pachaVo kuti vagare mavari, vaenderere mberi nebasa raVo kusvikira kumagumo! O Mwari, mutsai vanhu kuti vazvione. Zviitei. Ponesai munhu wese asimudza ruoko rwake. Chenesai mwoyo yavo. Ishe, maoko angu akasimudzwa. Ndicheneseiwo, O Ishe. Ino ndiyo imba yekugadziriswa. Ino ndiyo nzvimbo yatinofanira kusukwa. Regai Mweya Mutsvene utisuke mangwanani ano, uye ugotichenesa kubva mukuora.

¹⁷⁶ Tinonamata, Ishe, kuti pasave nemunhu anobva pano asina kuzadzwa neMweya weNyu. Zvichida hapazovi nenyawi rimwe zvaro kubva kunze pazvinoitika. Asi, Ishe, pindai mukati, bvisai chikoko mutiratidze zvatiri, Ishe. Zviitei. Uye mobva matizadza neMweya weNyu, nemoyo wechokwadi uye wakachena. Uye munguva ino yekutambudzwa nemiyedzo yakaoma, Muchawedzera kutapira nekuwedzera kukosha kwatiri patiri kufamba, takamirira zuva iroro. Apo misodzi ichiyerera pamatama edu, nokuda kwezvivi zveguta, dai Mweya Mutsvene watarisa pasi woti, “Pane 1 wandinogona kuisa mucherechedzo, murume ndewaNgu, mudzimai ndewaNgu.” Zviitei, Ishe. Ngazviwanikwe pakati pedu nhasi. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Pandinovika kurwizi pakupera kwezuya,
 Uye mhupo dzekupedzisira dzekusuwa
 dzavhuvhuta;
 Pachave nemumwe Munhu akamirira
 achandiratidza nzira,
 Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.
 Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga,
 Jesu akafa kuti zvivi zvangu zvose
 azvireverere;
 Pandinoona rima, Achange akandimirira,
 Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

¹⁷⁷ Ndinoda kuMuziva zvino. Torai ruoko rwangu, Ishe

vakakosha, nditungamirirei mberi, mundirege ndimire. Regai ndimire pano, Ishe, ndichipesana nezvose zvinonzi zvakaipa, zvese zvinoratidzika zvakaipa. Handina basa kuti chero ani anoti kudii, regai ndimire, Ishe. Kana ndaita zvese zvandinogona, ndibatsirei ndimire. Torai ruoko rwangu mundipfuudze nemo, Ishe. Itai chimwe chinhu, regai ndimire. Kana zvinhu izvozvo zvauya, uye pfuma yenyika ino nekushamisira kwayo kwese nekubwinya kwayo; pofomadzai maziso angu kwazviri, regai ndingoona iYe chete Akandifira. Kana zvichitorera kurasikirwa neshamwari yese yandiinayo, kana zvichitorera kurasikirwa nezvese zvandinazvo; izvozvo hazvina chimwe hacho chazvinoreva, ndinozviisa zvose paartari. Ndizvozvo, regai ndimire ndakavimbika. Uye rimwe zuva kana mweya uchivuhvuta pachiso changu, uye ndoziva kuti moyo wangu waparara uye mazuva angu apera, uye nguva yangu yakwana uye kadhi rangu rabviswa pareki, handidi kuyambuka Jorodhani ndoga. Achange aripo. Hongu. Apo pandinoona rima, Achange akandimirira ipapo, handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga. Kana ndikaMumiririra zvino, Achandimiririrawo ipapo. Ndicharamira iYe Akandifira, hupenyu hwangu huchange huchifara sei. Ndiyo nzira yandinoda kumira nayo.

¹⁷⁸ Ndinodaira kuti pane vanhu vanorwara pano. Apa makadhi here? Ndakanganwa. Vapa makadhi here? Pane makadhi ambopihwa here? Pane ane makadhi okunamatirwa here? Kwete.

¹⁷⁹ Ndakangomirira Mweya Mutsvene. Kana ukangotenda chete, ingova nokutenda, usapokana. Kana Mwari vakandizarurira matambudziko ako...Chero zvazvingava, handizivi; kana ukasimudza ruoko rwako, haundizivi uye ini handikuzive. Zvino kana Mwari vakazarura pano, ungatenda here kuti ndiye Mutumwa mumwe chete akaunza Shoko kuparadzwa kwave kuda kuitika kumashure uko, anozove Mutumwa mumwe chete akanga ari kuriunza iko zvino kumwe kuparadzwa kwave kuda kuitika. Ungazvitenda here? Kana uchitenda, simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Zvakanaka, dai Ishe vazviita.

¹⁸⁰ Akagara pedyo neni. Pane mumwe akagara pedyo neni, ndiMai Snyder pano, kana Mai Murphy ava vari pano, ndiro zita ravo, vagere ipo pano. Ndinovaziva.

¹⁸¹ Handizivi murume uyu, mutorwa kwandiri. Asi Mwari vanomuziva. Kana Mwari vakazvizarura zvino, vangani venyu vanoziva kuti haasi... .

¹⁸² Usatarisa kwandiri. Ini zvangu, ndiri munhu wekumakomo eKentucky, kana zviri izvozvo. Ini—ini handina kana dzidzo yakakwana, zvachose, yeku—yekunyora zita rangu pachangu. Asi pane chinhu chimwe chete chandinoziva, ndinoMuziva. Uye

ndizvo, ndizvo—ndizvo chete zvandinoda kuziva. Zvino, usa—usaite hanya nematauro angu.

¹⁸³ Uye unogona kufunga kuti mharidzo yangu mangwanani ano yanga isiri mugwara uye nezvose, ienzanise neBhaibheri imwe nguva uye woona kana usina kunyatsonanga pachu chaipo. Uone kana sikopu yako isina kuita kwazvo kana iwe—kana iwe waiisa ipapo. Usazvienzanise nemafungiro ako pachako, asi zvienzanise nezvaVakataura. “Suwo rakamanikana, nzira yacho inhete, uye vachava vashoma vachaiwana; nekuti nzira yakapamhama inoenda kunoparadzwa, uye suwo rakafara, uye vazhinji vachapinda napo,” mamiriyoni akapetwa mamiriyoni achapinda imomo. Mumwe chete kubva mumiriyoni zvichida ndiyo ichava nzira yazvinouya nayo. Hezvoka izvo. Ndizvo zvaAkataura. Zvino, haAna kumbopa nhamba iyoyo, asi Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, mweya 8. Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, 3.” Kubva muchinhu chose, 3 vakaponeswa, nemoto. Ndizvo zvazvichava!

¹⁸⁴ Zvino, kana munhu ari wemweya chaiye, ndinoda kuti utarise murume agere apa, ari kungoramba akanditarisa kwazvo. Asimudza ruoko rwake, handimuzivi; handina kumbomuona, uye hapana chandinoziva nezvake. Akangogara hake apo akanditarisa. Asi, munona, ane kubata kwaari kuita, ari kunamata. Zvino, ndizvozvo. Zvino, kana Ishe vakandiudza. . . Murume uyo akagara kure neni kudaro, uye uku ndiko kusangana kwedu kwekutanga, zvino hapo paakagara. Kana Ishe vakazarura kwandiri zvaari—zvaari. . . Ini—ini handingakwanisa kumupodza. Handidaro, handingakwanisa kuzviita, nekuti Mwari vakatozviita kare. Asi zvaizowedzera kutenda kwako. Munhu wose ari kuona zvino, Ari pano, ungori Mweya mumwe chete. Uye rangarirai, Jesu akavimbisa izvi, nguva yekupedzisira isati yasvika. Chagara chiri chiratidzo chekupedzisira.

¹⁸⁵ Rimwe zuva, ini naLeo takanga takagara mumugwagwa, uye vamwe vedu tichikurukura. Zvino ndakaramba ndichinzwa kuti pane shanduko iri kuuya, shanduko iri kuuya. Patakataura pamusoro pazvo, haizove shanduko mushumiro yangu, nokuti haichakwanisi zvachose, asi ichange iri shanduko mandiri. Ndakagara ndiri dera uye ndichingorega vanhu vachinditungamirira uye nokundipanga nzira, uye votuma *neuku neuku*. Dai ndakaita chimwe chinhu chandakaudzwa naShe kare-kare kuti ndiite, ndingadai ndisiri mudambudziko randiri nhasi. Ndiri kubuda vhiki rinouya kuti ndinova ndega naMwari. Hongu, changamire. Ndi—ndinofanira kunzwa kubva Kudenga. Handidi kuva dera, ndinoda kumira pane zvandinotenda.

¹⁸⁶ Murume uyu, Chiri kuramba chichidzokera kwaari, akagara kumashure chaiko, nokuti murume wacho ari kutenda, ari kunyatsotenda. Ndatarisa ungoro kwese-kwese, zvino

Chabva chadzokera chaiko kumurume wacho. Ane chishuvo, akaremerwa, asi ane mutoro pamusoro pemumwe munhu. Ndizvozvo. Uri kunamatira mumwe munhu. Une mumwe munhu pamwoyo wako. Ndizvozvo, handizvo here? Ishamwari. Kana ndikakuudza kuti chii chiri kunetsa pashamwari iyoyo, unganditenda here kuti ndiri muranda waMwari? Chidhakwa. Ndizvozvo. Kana zviru izvo, simudza ruoko rwako.

¹⁸⁷ Unotenda here? Mumwe munhu ari neche kuno asimudza ruoko rwake, mudzimai kumashure kuno, mumwe munhu. Hongu. Ehe. Hamundizivi? Ndiri mutorwa kwamuri mose? Handikuzivei, asi Mwari vanokuzivai. Munozvitenda here izvozvo? Kana Mwari vakazarura kwandiri zviru mumwoyo menyu, munganditenda here kuti ndiri muranda waVo? Mudzimai mudiki, chauri kunetseka nacho mwana uyo ari apo. Ndizvozvo. Uye mwana iyeye ane eczema kumeso kwake. Chiremba hapana chaanogona kuita nezvazvo. Muri mutorwa pano, iwe nemudikani wako agere apo. Unotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndiwe ani kana kuti unobva kupi? Unozvitenda here? Ungagamuchira kupodzwa kwemwana here kana Vakazviita? [Mudzimai anoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvakanaka, unogona kudzokera kuSomerset, Kentucky, kwaunobva, uye wotenda kuti Vachamupodza, uye wotenda kuti eczema ichabva pamwana, kana ukagona kuzvitenda.

¹⁸⁸ Pandataura izwi iroro, mumwe munhu akamira kumashure uko muhoro, anobva kuSomerset, Kentucky, ari kunamata, ane dambudziko remoyo. Unotenda here kuti Mwari vanovapodza? Kana ukazvitenda nomwoyo wako wose, uye wotenda kuti Mwari vachapodza uye vovaita kuti vanaye.

¹⁸⁹ Pano, pane, ndinotenda kuti ruoko rwemumwe munhu rwasimudzwa neche apa, apo, mudzimai. Hongu, ndaona ruoko rwenyu. Ndiri mutorwa kwamuri here, amai? Handikuzivei. Hatina kumbosangana. Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe? [Mudzimai anoti, “Hongu.”—Mupepeti] Munodaro? Mune mutoro pamwoyo wenyu, kana chimwe chinhu. Munotenda here kana Mwari vakagona kuzvizarura kwandiri, munotenda kuti ndiwo Mweya mumwe chete waiva muna Kristu? Murume wenyu akagara apo, anotenda zvimwe chetezvo, zvakare? Mungatenda zvimwe chetezvo here? Inyaya yemwanasikana wenyu mudiki akagara padivi penyu ipapo. Ndizvozvo, ane kenza. Asi munotenda here kuti Mwari vachamupodza? Kana muchidaro, simudzai maoko enyu. Zvakanaka, isai ruoko rwenyu pamwana.

¹⁹⁰ Ishe Jesu, muHupo hweMweya weNyuru, ndinotsiura dhiyahore ari kuuraya mwana. Ndinoisa, nokutenda, Ropa raJesu Kristu pakati pemuurayi iyeye nemwana. Ngaararame. Amen.

¹⁹¹ Ivai nokutenda muna Mwari. Usapokana. “Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Kana uchigona kutenda,

zvinhu zvose zvinogoneka. Ndizvozvo.

¹⁹² Mumwe munhuzve kumashure uko asimudza ruoko rwake, pane imwe nzvimbo, iwe, mudzimai ari uko kumucheto. Unonditenda here kuti ndiri muranda waMwari? Handikuzive, iwe haundizive. Unotenda here kuti Mwari vanogona kundizarurira dambudziko rako? Ungagamuchira here Jesu kuti ave Mupodzi kana Mupi wako, chero zvazvingava—chero zvazvingava...? Unozvitenda here zvino? Zvakanaka, zvino kuhuta-huta ikoko kwawakava nako, ndiko kwawanga uinako. Kana zviru izvo, simuka netsoka dzako, kana zviru izvo, kuti vanhu vaone kuti ichokwadi. Zvakanaka, kunokusiya zvino. Enda kumba kwako ugopora. Mwari vakuropafadze.

Unobva kuKentucky, zvakare. Uh-huh, ndizvozvo.

¹⁹³ Mudzimai akagara pedyo newe anobva kuKentucky, zvakare. Ari, zvakare. Handikuzivei, ndizvo here? Asi ndinogona kukuudzai kuti mune chimwe chinhu chakakanganisika pamuri. Kana ndikakwanisa kukuudzai zvakananganisika pamuri, munogamuchira Kristu seMupodzi wenyu here? Zviru muhudyu menyu. Kana zviru izvo, simudzai ruoko rwenyu, mudenga-denga kuti vanhu vaone. Zvakanaka, endai kumba zvino, zvinokusiyai. Kutenda kwenyu kunokupodzai.

Ndinokudenhai kuti mutende. Ndinodenha kutenda kwenyu kuti mutende.

¹⁹⁴ Hepanoi pakagara mudzimai apa, ari kunamata, akaisa hengechepfu yake kumeso kwake. Handikuzivei. Mwari vanokuzivai. Munobva kuJoliet, Illinois, uye mune bundu. Ndizvozvo chaizvo. Mungashamisika... (Hongu, ndiye—ndiye mudzimai aunzwa naRosella. Ndizvozvo. Mirai, andiudza nezvazvo, asi haana kumboziva kuti mudzimai uyu handina kumbomuziva. Ndizvozvo. Zvangoitika kuti kutenda kwemudzimai uyu kwanga kwakakura.) Ndichakuudzai chinhu 1 imi—imi chamunoziva kuti handizivi. Muri kunamatira mwana uyu agere pano kumucheto kwechigaro, ari kurwara. Mwana wenyu. Ndizvozvo. Ameni. Munoziva kuti ndanga ndisingazvize.

¹⁹⁵ Hoyoka uYo, NdiMweya Mutsvene! MunoUtenda here? MunoUgamuchira here? Zvino kana zviru izvo, zvandataura pamusoro pekuti “suwo rakamanikana, uye nzira yacho inhete” ndizvozvo. Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ari pano chaipo zvino. Mweya waMwari mupenyu uri pano chaipo. MunoUtenda here? Zvino, kukuzivisai kuti handisi munhu anopodza, handisi mupodzi, asi Mweya waMwari wakangondisarudza kuti uZviratidze. Handina kudzidza. Handina zivo yechinhu chipi zvacho. Asi Mweya waKe ndiwo unozviita, munoono, uye Anoda kuti muzive kuti ndakuudzai Chokwadi.

196 Ichi ndicho Chokwadi, chokuti Jesu Kristu anopodza mumwe nomumwe wenyu iko zvino kana mukazvitenda. Zvino zvakango. . . Kana Wakashanda muKingston, uko mamishinari, kana ani zvake kumashure uko, vakaona Uchishanda muKingston, nezviuru zvichipodzwa, sei Usingashande muno muAmerica ino matiine maitiro azviri zvino? Sei tisingazvitende? Nekuti hatikwanise kuyambuka kahova kari uko. Munozvitenda here? Simudzai maoko enyu.

197 Zvino, maoko mamwe chete iwayo, aise pane mumwe munhu ari pedyo newe, regai ndimunamaitire kubva ipo pano, uye usambove nekupokana mumoyo mako, izvi zvichazvipedza.

198 Oo, ini zvangu, Hama Neville! Mashuviro andakaita, manamaitiro andakaita, kuti ini. . . Unogona kufunga kuti ndiri kupenga; handisi. Ndinoziva chaipo pandiri. Dai ndangokwanisa kuunza chinhu chidiki ichi kwamuri! Munocherechedza here kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ari pano pakati pevanhu mangwanani ano, iko zvino, ari pano izvozvi, achiZviratidza?

Zvino, unoti, “Hama Branham, *ndimi* mataura izvozvo.”

199 Ndazvitaure sei? Handikuzivei. Pane mumwe mudzimai ane TB. Mapodzwa, hanzvadzi. Ropafadzwai. Ruregerero, manga muchinamatira mukadzi ane TB, nokuti mudzimai akachena musoro. Hongu. Zvakanaka, zvitendei. Zvakanaka. Ari pano. Hupo hwaKe.

200 Zvino, hezvinoi zvaAkataura, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Anganyepa sei? Munooona, hazvisi paAri, hazvisi pandiri, zvino zvava pauri. Zvino iwe tenda.

201 Ndakatarisa mudzimai mudiki akagara kumashure uko iko zvino, ane kutenda kwakawanda. Iye nemurume wake vachangouya kunaShe. Akagara mumusangano uno, akanga ane kutsemuka uko chiremba vakanga vari kuzomuita oparesheni nguva pfupi yapfuura, uye mwana wake akanga ava kuda kuzvarwa. Uye chiremba anga ari kuzomuopareta mushure, asi mwana akazozvarwa uye havachaoni buri iroro zvachose. Zvose zvakapera. Maona? Sei? Akangogara hake se. . . Haana kumbove kumusoro kuno papuratifomu saizvozvo. Akangogara kumashure ikoko ndokuzvitenda. Ndizvo here, Mai Green, ndinotenda kuti ndivo, kumashure uko? Ndizvozvo. Maona ruoko rwavo? Chiremba haasi kutombokwanisa kuona kutsemuka ikoko, kwakatopera. Sei? Vakazvitenda, vakangofamba ndokuti, “Ndizvozvo!”

202 Zvino iwe ita zvimwe chete, uye dambudziko rose rauinaro rinofanira kubva. Mwari, Vanogona—Vanogona kutumira Chimwe chinhu mumutumbi wemunhu, kuhuturu ihwohwo hwekurumwa nenyoka iyoyo hwakanga huri mutsoka yemurume iyeye, huchiisa muchetura, kuti humuuraye, uye

vanogona kuhumisa nekuhuru ipapo, handiti Vangatogona zvakananyisa kuuraya zvirwere zviru mumuviri wako. Nokuti, murume uyu akanga ari mudambudziko uye aifanira kuti awane rubatsiro. Unofanirawo, zvakare. Kana ukasarwuwana, unofa.

²⁰³ Zvino rambai maoko enyu ari pamusoro pomumwe nemumwe. Usazvinamatire, namatira munhu ari padyo newe. Ndicho Chikristu.

²⁰⁴ Dzidzai izvi, dzidzai izvi, kuti, paunoitira vamwe, unoitira Kristu. Kana uchinge uchiitira mumwe munhu zvakanaka, unenge uri kuitira Kristu zvakanaka. Kana ukabata mumwe munhu zvakaipa, uri kubata Kristu zvisina kunaka. Oo, ini zvangu!

²⁰⁵ Oo, dai ndakwanisa chete kuita kuti izvi zvinzwiswe, dai ndangokwanisa kuita kuti vanhu vazvione, zvakatarisa nezvandi kunzwa, uye nezvandinoviva zviru kuitika, munoono. Kuti Kristu ari kusunda sei mushure meMharidzo mangwanani ano, kuti ipinde pakadzika mumwoyo yevanhu zvino igosika chimwe chinhu ipapo; kwete kufarisa, kwete manyawi (zvinouya nazvo), asi kusika kutenda kusingafi ipapo kusingazoti, kusingazopi mukana zvawo kumuvengi.

²⁰⁶ Zvino, Achanzwa munyengetero wangu, Achanzwa wako. Imi namatirana izvino, apo ini ndichikunamatirai mose.

²⁰⁷ O Ishe, nguva ino huru yakaoma, tinocherechedza kuti izvi zvichareva musiyano pakati perufu nohupenyu, kune vakawanda. Uye ndinodendera ndiri muHupo hweNyu, nokuti ndinoviva, Ishe Mwari, kuti ndinofanira kunamata nomwoyo wangu wose. Ndinocherechedza kuti kunyangwe hazvo panogona kunge pasina munhu anorwara pakati pedu mumanitsi 5 anotevera, kuti munhu wese pano acherechedze kuti Muri pano. Hevano vakamira mangwanani ano, Ishe. Ndokuita kuti vanhu vasimudze maoko avo vanoziva kuti handivazive, uye pasina chii zvacho nezvavo. Asi Mweya weNyu unovaziva. Munoziva zvakananzika zvemoyo yavo, handiti Munotoziva zvakananyisa nezvehurwere hwavo nekutambudzika kwavo! Zvino, Ishe, ngazvive nhasi, ngazvive kunyange zvino kuti Mweya weNyu ubate mitumbi yavo inorwara. Zviitei, Ishe. Vari kunamatirana.

²⁰⁸ Uye ndinonamata, Mwari Vanodikanwa, kuti Mweya Mutsvene uzviite kuti zvive zvezvirokwazvo kwavari, kuti vasazofa vakarega kuzvitenda zvakare. Uye pane chimwe chirwere, Ishe, chakakura kudarika chirwere chepanyama ichi, chirwere chepamweya. Dai mwoyo wese wazarurwa.

²⁰⁹ Ishe, zvingaitika sei kuti Makamira ipapo parutivi rwaAbrahama, uye mukaita chinhu chimwe chete ichi, mukaudza Sara akanga ari “kumashure” kweNyu, Rugwaro runoti, “mutende akaseka,” uye Mukamuudza. Zvino Abrahama

akacherechedza kuti akanga ari Elohim, Mwari mukuru. Mumaminetsi mashoma Makanyangadika akasazokuonai.

²¹⁰ Uye, Ishe, Jesu paakamira uye akaita chinhu chimwe chetecho, ndokuti, “Makadana Abrahamu kuti ‘baba’ venyu, asi munoti munoziva Magwaro.” Akati, “Munokanganisa, nokusaziva Magwaro kana Simba raMwari.” Zvino vakamudaidza kuti “Bherizebhabhu.”

²¹¹ Asi Makavimbisa kuti mumazuva ekupedzisira Muchadurura Mweya weNyu zvakare. Muporofita akati, “Panguva yemanheru kuchava neChiedza.” Uye hepanoi patiri.

²¹² Kana nyika ino yehupombwe iri kukoromoka pasi pechivi, sechidhakwa chichidzedzereka chichienda kumba husiku, nenguva isipi ichaputitswa nepakati, hapazove neguruva rematombo epasi akanyungudika, zvachose, rinosara pairi. Uye tinoona nguva ichipera.

²¹³ O Mwari, bvisai kupokana kwese patiri. Tifambisei muchiyero ichocho zvino. Huyai, Mweya Mutsvene. Tambanudzai mapapiro eNyu makuru, vhumbamirai pamusoro peungano diki ino yevanhu iko zvino, uye itai kuti Muzare mumwoyo yavo, uye muvaite kuti vazive kuti Muri muHupo hwaMwari, kuti ndiMi, “Ndini Jehovha anopodza zvirwere zvako zvole.” Uye dai Hupo hweNyu hukaita chimwe chinhu pamwoyo wavo chichavaita kuti vabve pano, mangwanani ano, vachitenda nezvole zviru mavari. Uye dai munhu wese anorwara neanotambudzwa apodzwa.


²¹⁴ Nokuti, semuranda weNyu, ndinomira ndichitsiura dhimoni rimwe nerimwe, ndinotsiura hurwere, ndinotsiura Satani.

²¹⁵ Wakundwa, uye iwe hausi chinhu kunze kwekuva uri wenhema. Uye tinomisdzana newe tichikurwisa mangwanani ano, nemuZita raJesu Kristu. Uye semuranda waKe, achiparidza Shoko raKe uye achiudza vanhu Chokwadi, kuti vaite zvakanaka uye vaite zvinodiwa neShoko raMwari, ndinokutsiura, Satani, nemuZita raJesu Kristu. Ibva pane mumwe nemumwe wevanhu ava vabva kure nepedyo, kuti vapodzwe. Iwe ibva muungano ino uye nemuvanhu ava. Ndinokuraira naMwari mupenyu. Uye Bhaibheri rakati, “Munyengerero unoshanda, wakaperera womunhu akarurama unokunda zvakananya.” Uye varume vazhinji vakarurama vaturika maoko avo pamusoro pevanorwara, mangwanani ano pano. Oo, Satani, nodu kuti vafunge kuti anga ari ini, zvino wobva watora kubwinya kubva kwavari. Asi kutenda kwavo muna Mwari, zvakare, vanotenda muna Mwari! Manje unofanira kufamba, kubudikidza nokutenda kwavo. Saka famba uchienda uchibva pano, uende kurima rekunze kwaunogara. Ndinokutsiura, nemuZita raJesu Kristu, nemvumo yeBhaibheri raMwari, kutumwa kwangu neNgirozi. Zvino chienda, muZita raJesu Kristu, uye uvarege vasununguke. Amen.

²¹⁶ Munotenda here, nemooyo yenyu yose, kuti mapodzwa? Simudza ruoko rwako, uti, “Ndinogamuchira Jesu Kristu zvino seMupodzi wangu. Mimvuri yose yanyangadika ichibva pandiri. Ini zvino ndinoMugamuchira muhuzaro hwesimba raKe, muropafadzo reHupo hwaKe. NdinoMugamuchira.”

Kutenda kwangu kunotarira kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzweiwo apo ndichinamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
Musambofa makarega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.

Zvino ngatisimudzei maoko edu nekutapira chaiko kwaAri zvino.

Apo ndofamba muninga yehupenyu ine rima,
Uye kusuwa kwandikomba kwopararira,
Ivai iMi Mutungamiriri wangu (O Mwari!);
Rairai rima rive masakati,
Pukutai kusuwa, kutya zvibve,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.
...nyasha dzakapfuma... 

59-0301M Suwo Rakamanikana
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org